КЪЭРАЛ ПСОМИ Я ПРОЛЕТАРХЭ, ФЫЗЭГУХЬЭ!

КЪЭБЭРДЕЙ ПЭЖ

ВКП(б)-м и КЪЭБЭРДЕЙ ОБКОМЫМ, НАЛШЫК КЪАЛЭ КОМИТЕТЫМ, КЪЭБЭРДЕЙ АССР-м И ВЕРХОВНЭ СОВЕТЫМ Я ОРГАН

№ 11 (7433). | Январым и 14-м 1951 гъэм, тхьэмахуэ. | И уасэр кIэпI. 20.

Москва, Кремль

Советскэ народым и вождь ин, и егъэджакIуэ Иосиф Виссарионович СТАЛИНЫМ деж

Ди вождышхуэ, ди егъэджакIуэ Iущ Иосиф Виссарионович! Къэбэрдей АССР-м и Верховнэ Советым хэхынымкIэ Сталинскэ хэхыпIэ округым хэхыныгъэм ипэ къихуэу щекIуэкIа окружной совещанэм хэтахэм большевик сэлам гуапэ Уэ ныпхуагъэхьыр.

Иосиф Виссаринович лъапIэ! Къэбэрдей АССР-м щыщ Налшык къалэм и гуащIэрыпсэухэм хэхыныгъэм ипэ къихуэу ирагъэкIуэкIа собранэхэм Къэбэрдей АССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я япэ кандидату гуапагъэ ин хэлъу укъагъэлъэгъуащ Уэ, ди Родинэ лъэщым икIи иным и народ псоми я дежкIэ нэхъ лъапIэ дыдэу, абыхэм нэхъыфI дыдэу ялъагъуу щытыр.

Большевикхэм я партым и унафэм щIэту, акъылышхуэ зыхэлъ Уэ урипашэу советскэ народым дуней псо-историческэ мыхьэнэ зиIэ текIуэныгъэхэр зыIэригъэхьащ икIи езым и Родинэр Социалистическэ къэрал лъэщ ищIащ, Хэку зауэ Иным текIуэныгъэ гъуэзэджэ къыщихьащ, зауэм иужь илъэситхум и къалэн нэхъыщхьэхэр ехъулIэныгъэ хэлъу игъэзэщIащ. Иджы советскэ цIыхухэр тегушхуэныгъэ хэлъу, псэемыблэжу йолэжьыр коммунизмэр ди къэралым щыухуэнымкIэ программэ иныр, Iущыгъэ ин хэлъу Уэ зэхэплъхьа программэр гъэзэщIэным.

Советскэ народым и ехъулIэныгъэхэр ин дыдэщ, абы и творческэ планхэмрэ мурадхэмрэ лъагэщ икIи куущ. Абы иджы иIэ псэукIэр гуфIэгъуэщ икIи гъуэзэджэщ, советскэ народым къэкIуэну зэманым и псэукIэнур нэхъри гуфIэгъуэу икIи нэхъри гъуэзэджэу щытынущ. Советскэ цIыхухэр яхуэфащэу ирогушхуэр ди социалистическэ Родинэ лъэщыр дуней псом мамырыгъэ щыIэным и быдапIэу, ефIакIуэныгъэм хущIэкъуу дуней псом тет цIыхухэм я гугъапIэу, я плъапIэу зэрыщытым. Товарищ Сталин, Уэ уи гъусэу япэкIэ кIуэ ди народым икъукIэ и фIэщ мэхъур езым и Iуэхур зэрытекIуэнур, коммунизмэр зэрытекIуэнур.

Советскэ цIыхухэр фIыуэ щыгъуазэщ езыхэм зыIэрагъэхьа псомкIи фIыщIэр зейр большевик партыр, Уэ, ди егъэджакIуэр икIи ди вождь Iущыр зэрыарам. Товарищ Сталин, Уэ уи цIэр коммунизмэр текIуэныгъэм дытезыгъэгушхуэщ.

Дэ, советскэ цIыхухэр, ди къарум деблэжынкъым, диIэ ехъулIэныгъэхэм дыкъыщызэтеувыIэнкъым, атIэ коммунизмэр текIуэным папщIэкIэ нэхъри псэемыблэжу банэныгъэр едгъэкIуэкIынущ.

Ди егъэджакIуэ ин, ди вождь Iущ, советскэ властым и органхэм я депутатхэр хэхыныгъэр ди къэралым щокIуэкIыр советскэ народым и моральнэ-политическэ зэкъуэтыныгъэр къэзыгъэлъагъуэу. Союзнэ, автономнэ республикэхэм я Верховнэ Советхэм хэхыныгъэ къытпэщытхэм дуней псом и пащхьэм аргуэру къыщагъэлъэгъуэнущ дуней псом мамырыгъэ щыIэныр яхъумэну хущIэкъуныгъэм и кIуэцIкIэ, коммунизмэр яухуэным хущIэкъуныгъэм и кIуэцIкIэ советскэ цIыхухэр зэрызэкъуэтыр. Дэ коммунизм доухуэ икIи ар духуэнущ.

ИугъащIэ ди Родинэ иным!

ИугъащIэ большевикхэм я коммунистическэ партым, Ленином—Сталиным я партым!

ИугъащIэ коммунистхэмрэ партым хэмытхэмрэ я сталинскэ зэкъуэтыныгъэ мыкъутэжыным!

ЦIыхуу дунейм тетым гуфIэгъуэ къахуэпхьу илъэс куэдкIэ тхуэпсэу ди вождь ин, ди вождь Iущ, Иосиф Виссарионович Сталин!

Налшык къалэм щыIэ Сталинскэ хэхыпIэ округым

Иосиф Виссарионович СТАЛИНЫР

Къэбэрдей АССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату къызэрагъэлъэгъуар гуащIэрыпсэухэм я лIыкIуэхэм

Сталин иныр—народ псоми я япэ кандидатщ

Ди Родинэ иным и гуащIэрыпсэухэм политическэ, гуащIэдэкI зыкъэIэтыныгъэкIэ зыхуагъэхьэзыр союзнэ икIи автономнэ республикэхэм я Верховнэ Советхэм хэхыныгъэм.

Депутатхэм я кандидатхэр къегъэлъэгъуэным теухуауэ рабочэхэм, къулыкъущIэхэм, колхозхэтхэм, совхозхэмрэ МТС-хэмрэ я лэжьакIуэхэм ирагъэкIуэкI собранэхэм гуфIэгъуэ ин яхэлъу езыхэм я япэ кандидату къыщагъэлъагъуэр советскэ народым и текIуэныгъэхэм я къызэгъэпэщакIуэ, коммунизмэм дыхуэкIуэныгъэм и бэракъзехьэ, ди вождь икIи егъэджакIуэ товарищ И. В. Сталин иныр.

КАЗАХ ССР-м

Машинэ хьэлъэхэр зыщIу Алма-Ата дэт заводым и рабочэхэмрэ къулыкъущIэхэмрэ январым и 11-м ирагъэкIуэкIа собранэм Казах ССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату къыщагъэлъэгъуащ Иосиф Виссарионович Сталиныр.

Большевик партым, ди вождь ин товарищ Сталиным махуэ къэс хуащI адэ гулъытэм щIэту зи гъащIэр ефIакIуэ, зи экономикэмрэ культурэмрэ гъагъэ Казах народ псом и гухэлъыр, и мурадыр къигъэлъагъуэкIэрэ, япэу псалъэ зырата тов. Алишевым — слесархэм я стахановскэ бригадэм и бригадирым, собранэм къыщызэхуэса цIыху 1500-м я пащхьэм къыщыжиIащ:

— Дэ мыбы дыкъыщызэхуэсащ Сталинскэ Конституцэм итха ди хуитыныгъэр дгъэзэщIэн, — Казах ССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидатыр къэдгъэлъэгъуэн папщIэкIэ. Ди республикэм и Верховнэ Советым и депутатхэм я япэ кандидату сэ къызогъэув казах народым и ныбжьэгъуфI, цIыхугъэм и акъыл Iущ, фIыуэ тлъагъу ди вождь, егъэджакIуэ Иосиф Виссарионович Сталиныр къэдгъэлъэгъуэну. Тов. Алимовым и предложенэр куэдрэ зэпымуж Iэгуауэ инкIэ даIыгъыр собранэм щIэсхэм.

Казах ССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату Сталин иным и кандидатурэр къызэрагъэлъэгъуар даIыгъкIэрэ, къэпсэлъахэщ заводым и лэжьакIуэ нэхъыфIу т. т. Безденежная, Калашников, Трубников сымэ.

Собранэм щIэсхэм гуфIэгъуэ инкIэ унафэ къащтащ Казах ССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм текIуэныгъэхэм дыхуэзышэ Иосиф Виссарионович Сталиныр.

Фабрикэмрэ театрымрэ я лэжьакIуэхэм, я собранэхэм къыщыпсалъэкIэрэ, къагъэлъэгъуащ езыхэм я ехъулIэныгъэхэр, я гъащIэр зэпымычу зэрыгъагъэр, абы папщIэ большевик партым. Сталин иным зэпымычыж фIыщIэ зэрыхуащIыр. Сталин иным папщIэкIэ Iэ яIэтыныр насып ин дыдэу къызэралъытэр.

Собранэхэм унафэ ящIащ Таджик ССР-м и Верховнэ Советым и депутату Сталинабад къалэм и Сталинскэ хэхыпIэ округ № 2-м щыхахын папщIэ Иосиф Виссарионович Сталиным и кандидатурэр къагъэлъагъуэу икIи хахын папщIэ и арэзыныгъэ къитыну абы елъэIуу.

АЗЕРБАЙДЖАН ССР-м

«Сталиннефть» трестым и ехана промыслым и лэжьакIуэхэм я собранэ январым и 11-м зэхэтащ.

Сталинскэ япэ саугъэтым и лауреат Мирза Бедирхановым — япэу псалъэ зыратам — псалъэ гуапэхэмкIэ захуегъэазэр собранэм къекIуэлIахэм. Абы къегъэувыр Азербайджан ССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я япэ кандидату ди вождь, егъэджакIуэ Iущ, народ псоми фIыуэ ялъагъу, дуней псом мамырыгъэ щыIэпым и бэракъзехьэ Иосиф Виссарионович Сталиныр къагъэлъэгъуэну. Собранэм щIэсхэр а предложенэм Iэгуауэ инкIэ IуощIэхэр. Сталин иным и щIыхькIэ хъуэхъухэр къоIур.

Тов. Бедирхановым и предложенэр гуапэу даIыгъыу къэпсэлъахэм къыжаIащ товарищ Сталиным хуаIэ фIылъагъуныгъэр, ди Родинэм, большевик партым, Сталин иным и щIыхькIэ дяпэкIи нэхъыфIу зэрылэжьэнухэр, текIуэныгъэщIэхэр къызэрахьынур.

Собранэм Iэгуауэ иным щIэту унафэ къищтащ Азербайджан ССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату Иосиф Виссарионович Сталиныр къигъэлъагъуэу икIи Баку и Ильичевскэ хэхыпIэ округым щыхахын папщIэ и арэзыныгъэ къитыну елъэIуу.

КъызэхуэсахэмзыкъэIэтыныгъэ инкIэ къащтащ товарищ И. В. Сталиным хуагъэхь хъуэхъур.

ГРУЗИНСКЭ ССР-м

Политическэ зыкъэIэтыныгъэ ин хэлъу январым и 11-м екIуэкIащ Тбилис паровоз ищIу, И. В. Сталиным и цIэкIэ щыIэ заводым и лэжьакIуэ мин куэд зыхэта собранэр абы, — сэ къызогъэувыр Литовскэ ССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату къэдгъэлъэгъуэну цIыхугъэм и акъыл Iущ, гуащIэрыпсэухэм я вождь, егъэджакIуэ Иосиф Виссарионович Сталиным и кандидатурэр.

Сталин иным и щIыхькIэ Iэгуауэ иным залым зыкъыщеIэт.

АдэкIэ тов. Силицкайте къегъэлъагъуэр ди къэралыр Сталин иным и унафэм щIэту къэрал лъэщ зэрыхъуар, Советскэ Союзым и народхэм яхэту, Сталинскэ Конституцэм и дыгъэм щIэту литовскэ народым и псэукIэр зэрыгъагъэр, Совет власть зэрыщагъэувкрэ Литвар зэрыхэхъуар.

Товарищ Силицкайте и предложенэр гуапэу даIыгъащ собранэм къыщыпсэлъа псоми. Ахэр тепсэлъыхьащ Сталин иным къарита фIыгъуэм.

Куэдрэ зэпымуж Iэгуауэм щIэту собранэм унафэ къищтащ Литовскэ ССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату Иосиф Виссарионович Сталиныр къагъэлъагъуэу икIи Сталинскэ хэхыпIэ округ № 9-м щыхахын папщIэ и арэзыныгъэ къитыну товарищ Сталиным елъэIухэу.

Собранэм хэтахэм къащтащ товарищ И. В. Сталиным хуагъэхь хъуэхъур.

МОЛДАВСКЭ ССР-м

Кишинев щыIэ паровознэ депом и лэжьакIуэхэм январым и 11-м ирагъэкIуэкIа собранэм езыхэм я япэ кандидату гуфIэгъуэ инкIэ къыщагъэлъэгъуащ ди вождь ин Иосиф Виссарионович Сталиныр, Молдавскэ ССР-м и Верховнэ Советым и депутату хахын папщIэкIэ.

Сталин иным и кандидатурэр къагъэувыну къахэзылъхьа машинист цIэрыIуэ М. Ф. Грабовичевми абы и предложенэр дэзыIыгъахэми гуапэу, зыкъэIэтыныгъэ хэлъу къыжаIащ молдавскэ народым и псэукIэр, и экономикэр, и культурэр гъэгъэным товарищ Сталиным хуищI адэ гулъытэр, большевик партым, ди вождь ин товарищ Сталиным езыхэм хуаIэ фIылъагъуныгъэр.

Езыхэм я кандидату товарищ Сталиныр къагъэлъэгъуэныр насып ину къызэралъытэр къыжаIэкIэрэ, собранэм хэтхэм зэакъылэгъуу унафэ къащтащ Молдавскэ ССР-м и Верховнэ Советым и депутату хахын папщIэ Иосиф Виссарионович Сталиным и кандидатурэр къагъэлъагъуэу икIи Кишинев къалэм и

Советым хэхынымкIэ Сталинскэ хэхыпIэ округым и гуащIэрыпсэухэм я лIыкIуэхэм хэхыныгъэм ипэ къихуэ я окружной гуфIэгъуэ совещанэр ВКП(б)-м и къалэ комитетым и парткабинетым январым и 12-м щызэхэтащ. Совещанэм къырихьэлIахащ машинэ щащI заводым, кондитерскэ фабрикэм, лы комбинатым, пединститутым, «Налшыкстрой» трестым икIи народ псоми я вождь товарищ Сталиныр КъАССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату къэзыгъэлъэгъуа нэгъуэщI организацэхэмрэ коллективхэмрэ я лIыкIуэхэр.

Совещанэр къызэIуихащ окружной хэхакIуэ комиссэм и председатель тов. В. М. Петрашко къыжиIэр:

— Ди Родинэм и гуащIэрыпсэухэм политическэ зыкъэIэтыныгъэ инрэ гуфIэгъуэшхуэрэ яхэлъу езыхэм япэ кандидату къагъэлъэгъуащ къыддалъхуа икIи фIыуэ тлъагъу Сталин иныр.

Машинэ щащI заводым, кондитерскэ фабрикэм, лы комбинатым, пединститутым я коллективхэм хэхыныгъэм ипэ къихуэ я собранэхэм КъАССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату зэакъылэгъуэу къыщагъэлъэгъуащ народхэм я вождь ин, ди ныбжьэгъу икIи егъэджакIуэ лъапIэ Иосиф Виссарионович Сталиныр. А коллективхэм кIэлъыкIуэу товарищ Сталиным и кандидатурэр къалэм и предприятэ, IэхущIапIэ, еджапIэ заведенэ псоми къыщагъэлъэгъуащ. Дэ нобэ хэхыныгъэм ипэ къихуэ совещанэм дыкъыщызэхэуэсащ а коллективхэм я унафэхэм дытепсэлъыхьу КъАССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату товарищ Сталиныр къызэрагъэлъэгъуар дэтыгъыным папщIэкIэ.

Совещанэм хэтхэм зыкъэIэтыныгъэ ин яхэлъу щIыхь президиумым хахыр товарищ Сталиныр и пашэу ВКП(б)-м и ЦК-м и Политбюрор. Оркестрым гуфIэгъуэкIэ Советскэ Союзым и гимныр егъэзащэ.

Псалъэ иратыр кондитерскэ фабрикэм и планово отделым и заведующ тов. Розенвальд.

— Фабрикэм и рабочэхэм, инженерхэм, техникхэм, къулыкъущIэхэм, — жеIэр абы, — Сталинскэ хэхыпIэ округ № 1-м щыхахыным папщIэ КъАССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату къагъэлъэгъуащ ефIакIуэныгъэм тетым я вождь ин икIи я егъэджакIуэ Iущ, СССР-м и Министрхэм я Советым и Председатель, Генералиссимус Иосиф Виссарионович Сталиныр. **(Куэдрэ зэпымыужу Iэгу йоуэхэр. Псори мэтэджхэр. Товарищ Сталиным и щIыхькIэ хъуэхъухэр къоIур).**

Товарищ Сталинымрэ большевик партымрэ я унафэ Iущым и фIыгъэкIэ ди Родинэр зыри къызытемыкIуэжын индустриально-колхознэ къэрал лъэщ хъуащ, абы и промышленностым, мэкъумэш хозяйствэм, транспортым, культурэм зэпымыуэ зауэжыр. Советскэ Союзым и народхэр сталинскэ зэныбжьэгъуныгъэм быдэу зэкъуигъэувауэ зы бынунагъуэм хуэдэу мэпсэур. Ди фабрикэм и лэжьакIуэ коллективым сэ си пщэ къырилъхьащ Къэбэрдей АССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я япэ кандидату дэ къэдгъэлъэгъуа, ди текIуэныгъэхэм я къызэгъэпэшакIуэ икIи тегъэгушхуакIуэ, къыддалъхуа Сталиным и кандидатурэр къыддэфIыгъыну гуащIэрыпсэухэм я лIыкIуэхэм сывэлъэIуну. (Iэгуауэ ин).

Абы кIэлъыкIуэу псалъэ иратыр «Налшыкстрой» трестым и лэжьакIуэхэм я лIыкIуэ тов. Ницак. Абы къыжеIэр:

— Сэ икъукIэ си гуапэу окружной совещанэм сыкъыщопсалъэр нэхъ лъапIэ дыдэу щыт икIи фIыуэ тлъагъу цIыхум, зи гъащIэ псор народым къулыкъу хуэщIэным езыхьэлIэ, ди вождь икIи егъэджакIуэ товарищ Сталиным худиIэ фIылъагъуныгъэр къызэгъэлъэгъуэным папщIэкIэ. Американо-английскэ империалистхэм лIапIэгъуэкIэ ещанэрей дуней псо зауэшIэр защIагъэстыну щыхуэщIэкъу мы зэманым, товарищ Сталиным и цIэр щIы хъурейм цIыхуу тетым я дежкIэ мамырыгъэм и баракъыу щытщ.

Товарищ Сталинымрэ и цIэм игъэгушхуакIэрэ, мамырыгъэр фIыуэ зылъагъу народхэм зауэм и къару фIыцIэхэр ираудыхыныщ.

Ди лэжьакIуэ коллективым си пщэ къырилъхьащ, хэхыгъуэ махуэм — 1951 гъэм февралым и 18-м псори зым хуэдэу хэхыпIэ участкэм скIуалIэу мамырыгъэм и баракъэсэхьэ, езыхэм я вождь Iущ Иосиф Виссарионович Сталиным папщIэ Iэ зараIэтынур мы совещанэм хэт лIыкIуэхэм вжесIэну. **(Куэдрэ зэпымыужу Iэгу йоуэхэр. Хъуэхъу макъхэр къоIур: «Къыддалъхуа Сталиным — щIыхь!».**

научнэ лэжьакIуэ тов. Парфеник, совещанэм къыщыпсалъэкIэрэ, гурыIуэгъуэу къыжиIащ товарищ Сталиным советскэ щIалэгъуалэхэм щIэныгъэ егъэгъуэтыным, лъэпкъым щыщ кадрхэр гъэхьэзырыным махуэ къэс хуищI адэ гулъытэр.

— Советскэ государствэр зэрыщыIэ илъэсхэм я кIуэцIкIэ, — жеIэр абы, — Ленинымрэ-Сталинымрэ я партым и унафэм щIэту Къэбэрдейм культурнэ революцэ нэс щегъэкIуэкIа хъуащ, егъэджэныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ цIыху куэд дыдэ къешэлIа хъуащ. АбыкIэ фIыщIэри щытхъури зыбгъэдэлъыр ди адэ, дэ къыддалъхуа Сталин иныращ.

Пединститутым и егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ сэ си пщэ къызэрыралъхьам ипкъ иткIэ фэ фыкъыхузоджэр Иосиф Виссарионович Сталиныр КъАССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату къэгъэлъэгъуэнымкIэ дэ къэтщта унафэр къыддэфIыгъыну. **(Iэгуауэ ин).**

Абы хуэдэу совещанэм къыщыпсэлъахэщ машинэ щащI заводым и токарь тов. Коротун. мэкъумэш техникумым и еджакIуэ тов. Казаков, дэрбзэр фабрикэм и лэжьакIуэ тов. Никишенко, Налшык гъущIгъуэгу станцым и лэжьакIуэ тов. Бочаров, мельзавод № 9-м и лэжьакIуэ тов. Тарасов сымэ. Абыхэм я къэпсалъэныгъэхэри хуэунэтIауэ щытащ большевикхэм я партым, товарищ Сталиным хуаIэ фIылъагъуныгъэмрэ пэжагъымрэ къэгъэлъэгъуэным, народ псоми я япэ кандидатым папщIэкIэ, ди Родинэм и лъэщагъыр нэхъри гъэбыдэным, дуней псом мамырыгъэ щыIэным; дызыхуэкIуэ псэукIэ тыншым папщIэкIэ Iэ яIэтыным езыхэм я коллективхэр зэрыхуэхьэзырым.

Совещанэм хэтахэм обращенэ къащтащ Сталинскэ хэхыпIэ округым и хэхакIуэ псоми езыхэм я япэ кандидат И. В. Сталин иным папщIэ Iэ яIэтыну къыхураджэу.

Хэхыныгъэм ипэ къихуэ окружной совещанэм зыкъэIэтыныгъэ инкIэ къыщащтащ товарищ И. В. Сталиным хуагъэхь хъуэхъу письмор.

* * *

Хэхыныгъэм ипэ къихуэ окружной совещанэм доверенэ цIыхуу щыхахащ «Налшыкстрой» трестым и управляющэ И. В. Моргачев.

Казах ССР-м и Верховнэ Советым и депутату Алма-Атинскэ 4-нэ хэхыпIэ округым щыхахын папщIэ и арэзыныгъэ къитыну елъэIуу.

КЪЫРГЪЫЗ ССР-м

Лъэпкъ 20-м ящыщхэр щылажьэ, щеджэ Фрунзенскэ медицинскэ институтым хэхыныгъэм ипэ къихуэ собранэ январым и 11-м щызэхэтащ. Япэу псалъэ зыратам, клиникэ нэхъыщхьэм и ассистент тов. Айдаралиевым къыжеIар:

— Япэхэм къыкIэрыхуауэ щыта народхэм я пащхьэм ухуэныгъэ гуащIэдэкI гуфIэгъуэм, тегушхуэныгъэ зыхэлъ къэхутэныгъэм я гъуэгур къыщызэIуихащ ди вождь, егъэджакIуэ Иосиф Виссарионович Сталиным.

Хэкум и хэхъуэныгъэ инхэм тепсэлъыхьэкIэрэ, тов. Айдаралиевым къегъэувыр республикэм и Верховнэ Советым и депутату хахын папщIэкIэ народ псом и япэ кандидату ди насыпым и къызэгъэпэщакIуэ товарищ Сталиныр къагъэлъэгъуэну.

Товарищ Сталиным и кандидатурэр къэгъэлъагъуэнымкIэ предложенэр даIыгъыу куэдхэр къэпсэлъа нэужь, собранэм зэакъылэгъуу унафэ къиштащ Къыргъыз ССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату Иосиф Виссарионович Сталиныр къагъэлъагъуэу икIи Фрунзенскэ — Первомайскэ хэхыпIэ округ № 6-м щыхахыным папщIэ и арэзыныгъэ къитыну абы елъэIуу.

Товарищ И. В. Сталиным хуагъэхь хъуэхъур собранэм хэтхэм зыкъэIэтыныгъэ ин яхэлъу къащтащ.

ТАДЖИК ССР-м

Сталинабадскэ дэрбзэр фабрикэ № 1-м и лэжьакIуэхэмрэ оперэмрэ балетымкIэ государственнэ театрым и лэжьакIуэхэмрэ январым и 11-м ирагъэкIуэкIа собранэхэм Таджик ССР-м и Верховнэ Советым и депутату хахын папщIэ я кандидату къыщагъэлъэгъуащ ди вождь Iущ, тым и кандидатурэр къигъэлъэгъуэн папщIэ. ГуфIэгъуэ собранэм щIыхь президиумым хехыр ВКП(б)-м и ЦК-м и политбюрор, И. В. Сталиныр я пашэу.

Япэу псалъэ зырата инженер нэхъыщхьэ тов. Шанидзе къызэхуэсахэм захуигъазэри яжыреIэр Грузинскэ ССР-м и Верховнэ Советым и депутату хахын папщIэкIэ япэ кандидату Иосиф Виссарионович Сталиныр къызэригъэлъагъуэр икIи ар даIыгъыну зэрыщыгугъыр. АдэкIэ тов. Шанидзе топсэлъыхьыр Сталин иным и цIэр езыхэм папщIэ зэрылъапIэм: илъэс щэныкъуэ ипэкIэ заводым товарищ Сталиным къыщызэригъэпэщауэ щыта марксистскэ кружокыр уващ ленинскэ-искровскэ организацэр Грузием, Закавказым къыщызэгъэпэщыным и лъабжьэу.

Къэпсэлъам и предложенэм гуфIэгъуэ инкIэ, куэдрэ зэпымыуж Iэгуауэхэмрэ, хъуэхъухэмкIэ IущIахэщ собранэм щIэсхэр.

Куэдхэм я къэпсалъэныгъэр зэфIэкIа нэужь собранэм унафэ ищIащ Грузием и Верховнэ Советым хахын папщIэ Иосиф Виссарионович Сталин иным и кандидатурэр къагъэлъагъуэу икIи Тбилиси щыIэ Ленинскэ хэхыпIэ округ № 6-м щыхахын папщIэ и арэзыныгъэ къитыну абы елъэIуу.

Собранэм хэтахэм Iэгуауэ иным щIэту къащтащ И. В. Сталиным хуагъэхь хъуэхъур.

ЛИТОВСКЭ ССР-м

Вильнюс щыIэ «Спартак» чулочнэ-трикотажнэ фабрикэм и лэжьакIуэхэм я собранэ январым и 11-м зэхэтащ Литовскэ ССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидатыр къэгъэлъэгъуэным теухуауэ.

Фабрикэм и директор тов. Балицкайтис собранэр къызэIуиха нэужь япэу псалъэ ирет стахановскэ сменэм и начальник Зофия Силицкайте.

— Товарищ лъапIэхэ, — жеIэр къитыну абы елъэIуу.

Товарищ И. В. Сталиным хуагъэхь хъуэхъур зыкъэIэтыныгъэ ин хэлъу собранэм къищтащ.

ЛАТВИЙСКЭ ССР-м

Январым и 11-м мыбы щыщIадзащ Республикэм и Верховнэ Советым хахыну депутатхэм я кандидатхэр къагъэлъэгъуэным.

Рига щылажьэхэм щыщ коллектив нэхъ ин дыдэм — Рижскэ кхъухьтедзапIэм и лэжьакIуэхэм я собранэ зэхэтам япэ кандидату къигъэлъэгъуащ народ псом я вождь, егъэджакIуэ, латыш народым и ныбжьэгъуфI Иосиф Виссарионович Сталиныр, ар Латвийскэ ССР-м и Верховнэ Советым и депутату хахын папщIэкIэ.

Портым и начальникым и заместитель товарищ Гавриленко товарищ И. В. Сталин иным и кандидатурэр къагъэлъэгъуэну къазэрыхилъхьам собранэм щIэсхэр Iэгуауэ инкIэ, Сталин иным и щIыхькIэ хъуэхъухэмкIэ IущIахэщ.

Товарищ Гавриленко и предложенэр гуапэу даIыгъыр портым и связым и отделым и мастер нэхъыжь тов. Креслиньщ икIи нэгъуэщIхэми. Абыхэм къыжаIащ Ленинымрэ—Сталинымрэ я партым, Сталин иным хуаIэ фIылъагъуныгъэр къэзыгъэлъагъуэ псалъэ гуапэхэмрэ хъуэхъухэмрэ. Абыхэм фIыщIэ ин хуащIащ латыш народыр социалистическэ зыужьыныгъэ гъуэгум тезыгъэува товарищ Сталиным.

Собранэм щIэсхэм зыкъэIэтыныгъэ ин яхэлъу унафэ ящIащ Латвийскэ ССР-м и депутату хахын папщIэ Иосиф Виссарионович Сталин иным и кандидатурэр къагъэлъагъуэу икIи Рижскэ ещанэ хэхыпIэ округым щыхахын папщIэ и арэзыныгъэ къитыну абы елъэIуу.

Собранэм къыщызэхуэсахэм гуапагъэ ин хэлъу къащтащ товарищ И. В. Сталиным хуагъэхь хъуэхъур.

(ТАСС).

Москва и гуащIэрыпсэухэм хэхыныгъэм ипэ къихузу ирагъэкIуэкIа собранэхэм РСФСР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидатхэу зэхуэарэзыуэ къагъэлъэгъуащ

А. И. Микоян, Л. М. Каганович, А. А. Андреев, А. Н. Косыгин, Н. М. Шверник, М. А. Суслов, П. К. Пономаренко сымэ

Январым и 11-м столицэм и предприятэхэм, IуэхущIапIэхэм, еджапIэхэм, научнэ-исследовательскэ институтхэм хэхыныгъэм ипэ къихуэу собранэхэр щекIуэкIащ РСФСР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидатхэр гъэлъэгъуэным теухуауэ.

Москва и гуащIэрыпсэухэм Российскэ Федерацэм и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату зэхуэарэзыуэ къагъэлъэгъуащ партымрэ правительствэмрэ я унафэщIхэу т.т. А. И. Микоян, Л. М. Каганович, А. А. Андреев, А. Н. Косыгин, Н. М. Шверник, М. А. Суслов, П. К. Пономаренко сымэ.

Къэбэрдейм и автономиер илъэс 30 щырикъум хуэфащэу Iущ!эным теухуауэ районхэм, колхозхэм, совхозхэм, МТС-хэм я социалистическэ зэхьэзэхуэ къызэдгъэпэщынщ

Налшык районым и колхозхэтхэм, совхозхэмрэ МТС-хэмрэ я рабочэхэм мэкъумэш хозяйствэм и лэжьакIуэ псори

къызыхураджэхэр

Товарищ лъапIэхэ! Ленинымрэ — Сталинымрэ я парт лIыхъужьым и унафэм щIэту ди советскэ народым дуней псо-историческэ текIуэныгъэщIэ зыIэригъэхьащ. Зауэм иужь сталинскэ илъэситхум и народнохозяйственнэ планыр дэтхэнэ зы лъэпкъыгъуэмкIи щIигъуу гъэзэщIа хъуащ. Советскэ къэралыр социалистическэ экономикэмрэ культурэмрэ щIэуэ, иӯ зыкъыщаIэтыну лъэхъэнэм хыхьащ.

Илъэситху планыр и пIалъэр къэмысу гъэзэщIэным советскэ мэкъумэшыщIэхэми Iуэхугъуэ ин дыдэ халэжьыхьащ. Советскэ Союзым и мэкъумэш хозяйствэм илъэс блэкIам гъавэу къырихьэлIар зауэм ипэкIэ къырихьэлIэу щытам куэдкIэ щIигъуащ. Колхозхэмрэ совхозхэмрэ гъавэу пут мелларди 7,6-рэ къырахьэлIащ, ар 1940 гъэм къырахьэлIам нэхърэ пут мелуан 300-кIэ нэхъыбэщ. Абы хуэдэу хьер къэзыт Iэщ зэхэтым и бжыгъэри зауэм ипэм зэрыхъуу щытам нэхърэ нэхъыбэ хъужащ. Мэкъумэш хозяйствэр техническэкIэ зэщIэузэдэным къыпхуэмылъытэну хэхъуащ икIи ар щытщ советскэ мэкъумэшыщIэм и гуащIэдэкIым къит хъерыр дяпэкIэ нэхъри хэхъуэным и шэсыпIэ быдэу.

Мы зэманым ди социалистическэ мэкъумэш хозяйствэм папщIэ амал инхэр къызэIуха хъуащ. Колхоз, совхоз мэкъумэшым, Iэщым и лэжьакIуэхэм тегушхуэныгъэрэ къарурэ ябгъэдэлъщ природэм зегъэхъуэжынымкIэ сталинскэ план иныр, Iэщ зэхэтым зегъэужьынымкIэ илъэсищ планыр и пIалъэр къэмысу ягъэзэщIэну икIи мэкъумэш хозяйствэр зехьэнымкIэ культурэ лъагэр и лъабжьэу, дунейм сыт хуэдэ щытыкIэ иIэми абы щхьэкIэ къэмынэу гъавэ щIапIэ

артелым и мэкъумэш бригадэхэу т.т. Жырыкъыр, Назраныр, Бжьыхьэлiыр зи бригадирхэм къэрал планым ипкъ иткIэ гуэдзымкIэ къытырахын хуей бэвагъым щIигъуу къытрахащ.

Ди районым и мэкъумэш хозяйствэм и лэжьакIуэхэм зыхуагъэувыжа социалистическэ къалэнхэр ягъэзащIакIэрэ, гъавэ, сэхуран, щIэп тынымкIэ къэрал планыр и пIалъэр къэмысу ягъэзэщIащ.

Колхоз Iэщыхъуэхэми илъэс блэкIам ехъулIэныгъэ къахуихьащ. Молотовым и цIэкIэ зэхэт, «Ленинский путь» мэкъумэш артелхэр Сталинскэ Конституцэм и Махуэм дэтхэнэ зы Iэщ лъэпкъымкIи Iэщым хэгъэхъуэнымкIэ планыр ягъэзэщIауэ IущIащ. Колхозхэм илъэс блэкIахэм яту щытам нэхърэ нэхъыбэ лыуэ, шэуэ, джэдыкIэу, цыуэ къэралым иратащ.

Колхозхэм я мылъку зэхэлъыр зэрыхэхъуэм къыдэкIуэу колхозхэтхэм я зэIузэпэщ псэукIэми зэпымычу хохъуэр. Иқу иту район псом колхозхэтхэм зы трудоденым пэкIуэу гъавэу килограмми 3, абы хуэдэу хадэхэкI, кхъуей, дагъэ, ахъшэ зыбжанэ илъэс блэкIам хуагуэшащ.

Ауэ зыIэрыдгъэхьа ехъулIэныгъэхэм дэ дагъэбэлэрыгъыркъым. Дэ быдэу мурад тщIащ районым и мэкъумэш хозяйствэр щIэуэ, нэхъри лъагэу къэтIэтыну икIи мэкъумэшымрэ Iэщымрэ и лэжьакIуэ пашэхэм зыIэрагъэхьа ехъулIэныгъэр колхознэ, совхознэ производствэм и лэжьакIуэ псоми наIуэ ящытщIыну.

Дызэрыхьа 1951 гъэр ди районым, Къэбэрдей псом и мэкъумэш хозяйствэм и дэтхэнэ зы IэнатIэми ехъулIэныгъэ инхэр шызыIэрагъыхьэ илъэсу увын хуейщ. Ди республикэм и колхоз мэкъумэшыщIэ-

кIуэкIынщ. РСФСР-мрэ Къэбэрдей АССР-мрэ я Верховнэ Советхэм щыхахыну махуэм къызыхуэтыншэу гъатхасэм зыхуэдгъэхьэзырауэ зыредгъэхьэлIэнщ. А зэманым ирихьэлIэу дэ тракторхэр, жыласэ машинэхэр, щIым зэрелэжь Iэмэпсымэхэр фIагъ ин хэлъу ремонт щIыныр, жылэр зэрытырасэ кондицэм нэгъэсыныр зэфIэдгъэкIынщ, гъатхэ лэжьыгъэхэр зэредгъэкIуэкIынум и план тэмэм дгъэувынщ. Щапхъэ хэлъу зыхуэгъэхьэзырыныр ехъулIэныгъэ хэлъу гъатхэ лэжьыгъэхэр егъэкIуэкIыным и шэсыпIэу увынщ. Гъатхэ лэжьыгъэхэм щыщIадзэнум ирихьэлIэу колхоз псоми губгъуэ унэхэр зэгъэпэщыжыныр щызэфIэдгъэкIынщ, абы иужь кIэщIу иту унэщIэхэр ухуэным щIэддзэнущ икIи дэ псалъэ дотыр а лэжьыгъэр сентябрым и 1-м ирихьэлIэу дыухыну.

Мэкъумэш илъэсым мы ипэ махуэхэм къыщыщIэдзауэ дэ хуабжьу икIи ерыщу дыщIэбэнынщ агротехникэ пашэм къигъэлъагъуэ Iуэхугъуэ псори гъэзэщIэным, колхоз мэкъумэшым и культурэр къэIэтыным. Пасэу бжьыхьэсэр къитхъ щIыныр, ар зытет хьэсэм минеральнэ, щIыпIэ удобренэ хэлъхьэныр фIагъ ин хэлъу, агротехническэ зэман нэхъыфIым къыриубыдэу едгъэкIуэкIынщ, щIыIэрысыр махуипщIым и кIуэцIкIэ къитхъ щIын зэфIэдгъэкIынщ. КъэкIыгъэхэр тесэныр колхозхэмрэ МТС-хэмрэ майм и 1-м ирихьэлIэу зэфIагъэкIкIэрэ, махуэ 20-м и кIуэцIкIэ яухынущ.

Районым и колхозхэм мы гъэм къалэн зыщащIыжыр механизированнэу 3 нэхърэ мынэхъ мащIэрэ сатыр зэхуакухэм елэжькIэрэ, тIоу хьэсэхэм удобренэ халъхьэкIэрэ, псы зышIагъэлъэдэ гъавэ щIапIэр гектар 1500-м нагъэскIэрэ, гъатха-

щкIащIэ 90, мэл лъхуэнпIэну 100 къэс щыни 105-рэ къыщIэдгъэхъуэнщ. Колхоз Iэщыхъуэхэр псэемыблэжу щIэбэнынущ Iэщым къат хъерым хэгъэхъуэным икIи дэтхэнэ зы жэм къашми хуэзэу литр 1700-рэ къыщIашыным, мэл къэс цыуэ килограмми 2,7-рэ къытращыкIыным, джэд къэс джэдыкIи 100 къыпахыным.

1951 гъэм Iэщым хэгъэхъуэнымкIэ планыр, илъэсищ план псор дэ дэтхэнэ зы Iэщ лъэпкъыгъуэмкIи и пIалъэр къэмысу, сентябрым и 1-м ирихьэлIэу дгъэзэщIэнщ. А зэман дыдэм ирихьэлIэу ухуакIуэ бригадэхэм жэмхэр щIэтыну псэуалъэ 12, чэт 11, джэдэщи 6 щIын яухынущ, мэкъумылэ гъэхьэзырыным елэжь бригадэхэм 1951—1952 бжьыхьэ, щIымахуэ зэманым Iэщым яхурикъун мэкъумылэ ягъэхьэзырынущ.

1952 гъэм гъавэ бэв къехьэлIэным дыхущIэкъукIэрэ, дэ къаруу диIэр етхьэлIэнщ текIуэныгъэм и махуэм, майм и 9-м ирихьэлIэу дыгъэрыжьэм и планыр гъэзэщIэным, октябрым и 10-м ирихьэлIэу бжьыхьэсэр фIагъ ин хэлъу дыухыным, 1951 гъэм ноябрым и 1-м ирихьэлIэу гъатхэсэ къэкIыгъэ зытетщIэну псори щIыIэрысу двэным.

Ди районым и колхоз псори электрификацэ щIыныр мы гъэм зэфIэкIынущ, щIым елэжьынымкIи Iэщым и лъэныкъуэкIи лэжьыгъэ гугъу куэд механизацэ щIыным производствэм электрокъарур къыщыгъэсэбэпыным папщIэкIэ. Автономием и махуэ лъапIэм ирихьэлIэу колхозхэм клуби 3, правленэхэр щылэжьэн унэу 5, хьэмэму 4, губгъуэ унэу 6, псэупIэ унэу 45-рэ щаухуэнущ, уэрамхэр, гъуэгухэр, лъэмыжхэр егъэфIакIуэнымкIэ лэжьыгъэр зэфIэкIынущ; колхоз къэс мэкъумэш культурэм и унэ къы- ... къуажэхэм колхоз-

Иосиф Виссарионович СТАЛИН

Тэтэр, Дагъыстан, Коми, Мордва, Северо-Осетинскэ, Якут АССР-хэм я Верховнэ Советхэм я депутатхэм я кандидату зэакъылэгъуу къагъэлъэгъуащ

РСФСР-м и автономнэ республикэхэм я къалэхэм АССР-хэм я Верховнэ Советхэм я кандидатхэр къагъэлъэгъуэным теухуауэ хэхыныгъэм ипэ къихуэ собранэхэр патриотическэ зыкъэIэтыныгъэ ин хэлъу щокIуэкIыр.

Автономнэ республикэхэм я Верховнэ Советхэм я депутатхэм я япэ кандидату гуащIэрыпсэухэм гуэпагъэ ин хэлъу къагъэлъагъуэр народхэм я вождышхуэ товарищ И. В. Сталиныр.

Казань дэт кинопленкэхэр къыщIэзыгъэкI Куйбышев и цIэкIэ щыIэ фабрикэм и коллективым хэхыныгъэм ипэ къихуэу иригъэкIуэкIа собранэм товарищ И. В. Сталиныр Тэтэр АССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату Казанскэ-Ленинскэ хэхыпIэ округым къыщигъэлъэгъуащ.

Фэмрэ вакъэмрэ щелэжь Буйнакскэ комбинатым и рабочэхэм, инженерхэм, техникхэм, къулыкъущIэхэм хэхыныгъэм ипэ къихуэу ирагъэкIуэкIа собранэм товарищ И. В. Сталиныр Дагъыстан АССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату Буйнакск къалэм и Сталинскэ хэхыпIэ округым къыщагъэлъэгъуащ.

СССР-м НаукэхэмкIэ и Академием Комием щиIэ филиалым и научнэ лэжьакIуэхэм, административнэ-техническэ лэжьакIуэхэм хэхыныгъэм ипэ къихуэу ирагъэкIуэкIа собранэм унафэ щащIащ товарищ И. В. Сталиныр Коми АССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату Коммунистическэ хэхыпIэ округым къыщагъэлъэгъуэну.

Саранскэ механическэ заводым и коллективым хэхыныгъэм ипэ къихуэу иригъэкIуэкIа собранэм зэакъылэгъуу унафэ ищIащ товарищ И. В. Сталиныр Мордва АССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату Промышленнэ хэхыпIэ округым къыщигъэлъэгъуэну.

Дзауджикау дэт «Электроцинк» заводым и коллективым хэхыныгъэм ипэ къихуэу щекIуэкIа собранэм товарищ И. В. Сталиныр Северо-Осетинскэ АССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату Дзауджикау къалэм щыIэ Сталинскэ хэхыпIэ округым къыщигъэлъэгъуащ.

Якутым и государственнэ типографым хэхыныгъэм ипэ къихуэу щекIуэкIа собранэм Якут АССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату товарищ И. В. Сталиныр Якутск къалэм и Сталинскэ хэхыпIэ округым къыщигъэлъэгъуащ.

Хэхыныгъэм ипэ къихуэ собранэхэм хэтхэм гуапагъэ ин хэлъу къаштащ советскэ цIыхухэм фIыуэ ялъагъуу я вождь товарищ И. В. Сталиным хурагъэхь хъуэхъухэр.

(ТАСС).

Иосиф Виссарионович СТАЛИН

КЪАНКЪУЭЩ Зулихъан ХьэкIашэ и пхъур

КъАССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидатхэу къагъэлъэгъуащ

Къэбэрдей АССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидатхэр къэгъэлъэгъуэным, РСФСР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату къагъэлъэгъуа Лъостэн Калимат ТIутI и къуэм и кандида-

псэукIэ къыдэзыта ди егъэджакIуэ Сталин иным и цIэр, — жеIэр абы, — дэтхэнэ зы советскэ цIыхуми гурэ псэкIэ къыжеIэ. Къэбэрдей АССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я япэ кандидату това-

Колхозхэр ин щIыныгъэм амал къетыр тракторхэр, комбайнхэр икIи нэгъуэщI мэкъумэш машинэхэр нахъ хъер ин къату къэгъэсэбэпынымкIэ икIи ар щытщ къуажэмрэ къалэмрэ зэщхьэщыкIыу щытыныгъэр псынщIэу гъэкIуэдынымкIэ япэкIэ кIуатэныгъэ лъэбакъуэшIу. Сталин иным тыригъэгушхуэ советскэ мэкъумэшыщIэхэр я къарурэ я гуащIэдэкIрэ еблэжыркъым ди къэралыр къелэскIыу мэкъумэш ерыскъыкIэ къызэгъэпэщыным папщIэкIэ, коммунизмэм хуэкIуэн папщIэкIэ, ар дызыхуэмэиникIэ амал зимыIэу зэрыщытыр къалъытэкIарэ.

Зауэм иужь заманым мэкъумэш хозяйствэм зыкъегъэIэтынымкIэ банэныгъэм ди районым и гуащIэрыпсэухэми ехъулIэныгъэ инхэр щызыIэрагъэхьащ. Зауэм ипэкIэ гъавэ щIапIэу диIам щIигъуащ, былыму, мэлу, бжэну, джэдкъазу 1940 гъэм диIам нэхърэ нэхъыбэ диIэщ, Iэшым хъер нэхъыбэ къит хъуащ. Советскэ государствэм и дэIэпыкъуныгъэ хэлъу мэкъумэш лэжьыгъэ псори механизацэ щIа хъуащ. 1940 гъэм вагъэм и процент 65-р тракторкIэ двауэ щытамэ, мы гъэм ар процент 83-м нэсащ. Тракторхэмрэ комбайнхэмрэ хуэдитIкIэ нэхъыбэ къалэжь хъуащ.

1950 гъэм колхоз пашэхэм мэкъумэш къэкIыгъэ бэв къагъэкIащ. Сталиным и цIэкIэ зэхэт колхозым и мэкъумэш бригадэхэу т.т. ПIазыр, ДыщэкIыр, Хьэгъэбанэр зи бригадирхэм я бжьыхьэсэ гуэдз хьэсэхэм ику иту гектар къэс центнер 20 къытрахащ. Андреевым и цIэкIэ зэхэт колхозым и бригадэ пашэхэм гектар къэс хьэвэ центнер 21-рэ къытрахащ. Ворошиловым и цIэкIэ зэхэт мэкъумэш хэм дежкIэ ар псоми хуэмыдэу мыхьэнэшхуэ зиIэ илъэсу щытщ. Къэбэрдейр автономие зэрыхъурэ сентябрым и 1-м илъэс 30 ирокъур. Къэбэрдейм езым и государственностыр большевик партымрэ советскэ правительствэмрэ къыратащ, абы и ухуакIуэу щытщ ди вождь икIи ди егъэджакIуэ Сталин ипыр.

Дэ дощIэр, товарищ лъапIэхэ, ди республикэм и мэкъумэш хозяйствэм и дэтхэнэ зы лэжьакIуэми зы гурылъ, зы мурад зэриIэр — ар къэблагъэ махуэшхуэм гуащIэдэкI ехъулIэныгъэфIхэмкIэ, къэралым и пащхьэ щаIэ къалэныр щIыхь пылъу ягъэзащIауэ зырырагъэхьалIэнырщ.

Илъэсыщ1эм дыхыхьэкIэрэ, дэ мурад тщIащ, товарищ колхозхэтхэ, совхозхэмрэ МТС-хэмрэ я рабочэхэ, мэкъумэш хозяйствэм и специалистхэ, фэ зыфхуэдгъэзэну республикэм и гуащIэрыпсэухэм я махуэшхуэм — Къэбэрдейм и автономиер илъэс 30 щырикъум хуэфащэу IущIэным теухуауэ районхэм, колхозхэм, совхозхэм, МТС-хэм я республиканскэ социалистическэ зэхьэзэхуэ къызэдгъэпэщыну фыкъыхуедджэну.

Дэ ди лъэныкъуэкIэ къалэн зыщыдощIыжыр мы гъэм социалистическэ губгъуэм къитх гъавэм и бэвагъыр нэхъри хэдгъэхъуэну икIи ику иту район псом гектар къэс хуэзэу гъавэ щIапIэхэм центнер 21-рэ къытетхыну, абы щыщу гуэдзым — центнер 18, нартыхум — центнер 25-рэ. Дэ псалъэ дотыр сэхуранымкIи, щIэпымкIи, адрей мэкъумэш къэкIыгъэхэмкIи планым щIигъу бэвагъ къетхьэлIэну.

Бэвагъыр къэтIэтыным папщIэкIэ лэ гъатхэ лэжьыгъэ псори щапхъэ хэлъу икIи фIагъ ин яIэу едгъэсэ къэкIыгъэхэм [illegible] ротехническэ хабзэ ягъэувахэм ткIийуэ тетыну. Районым гъатхэм хьэсэ хъумэ мэз кусэхэр хэсэнымкIэ планыр и зэманым игъэзэщIэнщ.

Гъавэр къехьэлIэжыным и зэманым иджы фIыуэ зыхуэдгъэхьэзырк1эрэ, дэ ар кIэрыхуншэу, зэман кIэщIым, лэжьэгъуэ махуэ 20-м къыриубыдэу зэфIэдгъэкIынщ икIи сентябрым и 1-м, Къэбэрдейм и автономиер илъэс 30 щырикъум ирихьэлIэу гъавэ тынымкIэ къэрал илъэс планыр дгъэзэщIэнщ. Мы гъэм къэкIыгъэ псори къехьэлIэжыныр ноябрым и 7-м, Октябрьска социалистическэ революцэ Иныр илъэс 34-рэ щырикъум ирихьэлIэу зэфIэкIынущ. А махуэшхуэм ирихьэлIэу ди колхоз псоми мэкъумэш ерыскъыхэр тынымкIэ къэралым и пащхьэм щаIэ къалэныр ягъэзэщIэнущ.

Товарищ лъапIэхэ! Зауэ нэужь зэманым мэкъумэш хозяйствэм и кIуэцIкIэ хъер къэзыт Iэщ зэхэтым и Iуэхур сыт хуэдизкIи къэIэтыныр партымрэ государствэмрэ къагъэува къалэн нэхъыщхьэу щытщ. Ди районым, Къэбэрдей псом амал ин яIэщ Iэщым хэгъэхъуэнымкIэ илъэсищ планыр и пIалъэр къэмысу ягъэзэщIэнымкIэ. Амалу яIэ псори къалъытэкIэрэ, районым и гуащIэрыпсэухэм къалэн зыщащIыжыр мы гъэ щIымахуэм Iэщыр тегъэкIыныр щапхъэ хэлъу ирагъэкIуэкIыну, фермэхэм тет Iэщ псори кIэрыхуншэу яхъумэну, Iэщхэр гъэмахуэм гъэхъуэкIуэным къызыхуэтыншэу зыхуагъэхьэзырыну икIи ар зоотехникэм къызэригъэлъагъуэм тету ирагъэкIуэкIыну, планым и лейуэ IэщIэвыщIэ къыщIагъэхъуэну. Районым и кIуэцIкIэ ику иту шыбз лъхуэнпIэни 100-м щыщIэ 80, жэми 100-м хэтхэм я унэм радио щIэшэныр щызэфIэкIынущ.

Дэ къэтщта социалистическэ къалэнхэр жэуаплыныгъэ, щIыхь зыпылъщ. Ахэр гъэзэщIэн папщIэкIэ дэ, товарищ Сталиным дызэрыригъаджэм хуэдэу, хьэлэлу, псэемыблэжу дылэжьэнщ, тракторхэр, колхоз мылъкур хуэсакъыу тхъумэнщ, зым хуэдэу псоми лэжьыгъэ нормэхэр дгъэзэщIэнщ, артелым и хэхъуэр гуащIэдэкIым теухуауэ дгуэшынщ, Союз псо мэкъумэш выставкэм дыхэтыну хуитыныгъэ зэдгъэгъуэтыным папщIэкIэ зы махуэм нэхърэ къыкIэлъыкIуэ махуэм ди производственнэ ехъулIэныгъэр нэхъыбэ тщIынщ.

Товарищ лъапIэхэ! Дэ ди фIэщ мэхъур Къэбэрдейр автономие зэрыхъурэ илъэс 30 щырикъум и щIыхькIэ мэкъумэш хозяйствэм и лэжьакIуэхэр дызэхьэзэхуэну къызэрыдгъэувыр къызэрыддэфIыгъынур икIи псэемыблэжу фылажьэкIэрэ, ди республикэм и гуащIэрыпсэухэм а я махуэшхуэр ди Родинэ иным и щIыхькIэ, коммунизмэм папщIэкIэ текIуэныгъэщIэхэмкIэ зэрыдгъэлъапIэнур.

Иугъащ1э ди Родинэ лъэщым — Советскэ Социалистическэ Республикэхэм я Союзым!

ИугъащIэ большевикхэм я парт лIыхъужьым — советскэ народым и текIуэныгъэ псоми и тегъэгушхуакIуэм икIи и къызэгъэпэщакIуэм!

ИугъащIэ ди вождь ин икIи егъэджакIуэ, къэбэрдей народым и ныбжьэгъу нэхъыфI дыдэ, къыддалъхуа, фIыуэ тлъагъу Иосиф Виссарионович Сталиным!

(Налшык районым и колхоз активым и совещанэм щытепсэлъыхьри къышаштащ).

БАХТИЯРОВ Григорий Максимович

КъАССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату къагъэлъэгъуащ

КъАССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидатхэр къэгъэлъэгъуэным теухуауэ коммунальнэ IуэхущIапIэхэм я трестым и рабочэхэм, къулыкъущIэхэм я собранэ зэхэтащ.

Собранэм къырихьэлIахэм Iэгуауэ инкIэ щIыхь президиум хахащ товарищ Сталиныр и пашэу ВКП(б)-м и ЦК-м и Политбюрор.

Къопсалъэ тов. Баскаковыр.

— Товарищхэ, — жеIэ т. Баскаковым, — нобэ дэ дыкъыщIызэхуэсар депутатхэм я кандидатхэр къэдгъэлъэгъуэну арщ. Ди къэралым и народхэм депутатхэм я кандидату къагъэлъагъуэр нэхъ цIыхуфIхэр, партым игъэсахэр, зи Родинэр фIыуэ зылъагъухэр. Сэ нобэ мы собранэм къыщызогъэув ди къэралым и народхэм якум зэныбжьэгъуныгъэ, зэкъуэшыныгъэ дэзылъхьа. ди вождь икIи ди егъэджакIуэшхуэ Иосиф Виссарионович Сталин иным и кандидатурэр КъАССР-м и Верховнэ Советым и депутату Сталинскэ хэхыпIэ округым шыхахын папщIэ. (Псори Iэгу йоуэхэр).

— Сыт хуэдэу щыта, — жеIэр тов. Хужьокъуэм, — революцэм ипэкIэ адыгэ цIыхубзым и гъащIэр? Абы и гъащIэр кIыфIу екIуэкIырт, пщылIыпIэм иту ихьырт, цIыхум яхыхьэу псалъэну, Iэ иIэтыну хуиту щытакъым. Советскэ властым цIыхубзхэм ди нэр игъэплъащ, насып къытхуихьащ, хуитыныгъэ псори къыдитащ. А псомкIи фIыщIэр зейр Ленинымрэ Сталинымрэщ. Сталиныр ди лежкIэ нобэ Ленинщ. Сталин иныршщ зы махуэм нэхърэ адрей махуэм дэ нэхъ ехъулIэныгъэфIхэм дыхуэзышэр.

Трестым и партийнэ организацэм и секретарь тов. Плотниковэм къигъэуващ КъАССР-м и Верховнэ Советым хэхынымкIэ хэхыпIэ округ № 10-м щыхахын папщIэ Налшык къалэ исполкомым и председатель тов. Бахтияров Григорий Максимовичым и кандидатурэр къагъэлъэгъуэну.

Тов. Плотниковэм и предложенэр даIыгъыу къэпсэлъахэщ т.т. Асланов, Волняга сымэ.

Собранэм КъАССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидатхэу товарищ Сталиныр, тов. Бахтияровыр къигъэлъэгъуащ.

турэр дэIыгъыным теухуауэ Налшык къалэ дэт дагъэ завод № 1-м и рабочэхэм, инженернэ-техническэ лэжьакIуэхэм, къулыкъущIэхэм я общэ собранэр гуфIэгъуэ иным иту екIуэкIащ.

Дагъэ заводым и пэщIэдзэ партийнэ организацэм и секретарь тов. Гобачиев собранэр къыщызэIуихым жиIащ:

— Дуней псом и кIуэцIкIэ нэхъ демократическэ дыдэу щыт Сталинскэ Конституцэм дэ хуитыныгъэ ин къыдитащ — ди республикэм и государственнэ властым и орган нэхъыщхьэм и депутатхэм я кандидатхэр къэдгъэлъэгъуэну. ЩIыхь ин зыпылъ а гражданскэ къалэныр къыдгурыIуэкIэрэ, зыхуэфащэ кандидатхэр, Родинэмрэ народымрэ хьэлэлу къулыкъу хуэзыщIэ цIыху нэхъыфIхэр Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидатхэу къэдгъэлъэгъуэн хуейщ.

Япэ псалъэ къыIехыр дагъэ заводым и директор тов. Коболевым.

— Товарищ лъапIэхэ, — жеIэр абы, — товарищ Сталиныр — ар ди бэракъщ, ди насыпщ, ди щIыхьщ, абы и цIэр къыгуэхыпIэ имыIэу ди текIуэныгъэ псоми пыщIащ. Ленин инымрэ товарищ Сталинымрэ зэгъусэу ди большевик партыр, социалистическэ государствэр къызэрагъэпэщащ. Вождхэм я унафэ IущымщIэту ди къэралыр индустриальнэ-колхознэ къэрал лъэщ хъуащ. Товарищ Сталиным и унафэ Iущым щIэту советскэ народым гитлеровскэ Германыр зэхикъутащ. Мис аращ советскэ цIыхухэм икIи дуней псом тет гуащIэрыпсэухэм Сталин иным гъунапкъэ зимыIэж фIылъагъуныгъэ щIыхуаIэр. Сэ икъукIэ си гуапэу къызогъэувыр ди республикэм и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату вождь ин, мамырыгъэм и бэракъзехьэ товарищ Сталин Иосиф Виссарионовичыр къэдгъэлъагъуэну. Собранэм хэтхэр а псалъэхэм Iэгуауэ инкIэ IуощIэр. «Сталин иным иугъащIэ!», «ФIыуэ тлъагъу Сталиным щIыхь!» — а хъуэхъу псалъэхэр дэнэ щIыпIэкIи къыщоIур.

Абы иужькIэ псалъэ къыIех заводым кадрхэмкIэ и отделым и начальник тов. Хъутатым.

Насып мыухыжыщ, гуфIэгъуэ рищ Сталиныр къэгъэлъэгъуэным[illegible] кIэ предложенэр гуапэу дызоIыгъ икIи къэбэрдей народым ипхъу нэхъыфIхэм ящыщ зы Къанкъуэщ Зулихъан ХьэкIашэ и пхъур ди республикэм и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату къызогъэлъагъуэр. Къанкъуэщ Зулихъан и щхьэгъусэр зауэм хэкIуэдащ, езыр Хэку Зауэшхуэм и зэманым госпиталым медсестрауэ щылажьащ, зауэлI уIэгъэхэр псынщIэу гъэхъужыным и гуащIэдэкI емыблэжу щIэбэнащ, абы фельдшерскэ-акушерскэ еджапIэр къиухащ, иджы ар республиканскэ сымаджэщым медсестрауэ щолажьэр. Тов. Къанкъуэщыр зыхуэфащэ кандидату къызолъытэр икIи абы ди дзыхьыр сыт щыгъуи игъэпэжынщ.

Тов. Хъутатым и предложенэр даIыгъыу собранэм къыщыпсэлъахэщ механическэ мастерскойм и слесарь тов. Федоренко, складым и заведующ т. Къерыр, нэгъуэщIхэри.

ПсалъапIэм къохьэр заводым и механик нэхъыщхьэ тов. Симоновыр.

— Сэ гуапэу дызоIыгъыр, — жеIэ тов. Симоновым, — Российскэ федерацэм и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату Лъостэн Кэлимэт ТIутI и къуэр къэгъэлъэгъуэнымкIэ машинэ зыщI заводым, лы комбинатым я рабочэхэм, инженернэ-техническэ лэжьакIуэхэм, къулыкъущIэхэм, педагогическэ институтым и егъэджакIуэхэмрэ студентхэмрэ я предложенэр. Лъостэн Кэлимэт ТIутI и къуэм и кандидатурэр даIыгъыу къэпсалъахэщ т.т. Ачиев, Къунашыр, Красильниковыр, нэгъуэщIхэри.

Дагъэ заводым и лэжьакIуэхэм я общэ собранэм зэдэарэзыуэ унафэ къищтащ Къэбэрдей АССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату товарищ Сталин Иосиф Виссарионовичыр, Къанкъуэщ Зулихъан ХьэкIашэ и пхъур къагъэлъэгъуэну икIи РСФСР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату къагъэлъэгъуа Лъостэн Кэлимэт ТIутI и къуэм и кандидатурэр даIыгъыну.

Собранэм хэтахэм хахащ хэхыныгъэм ипэ къихуэу екIуэкIыну окружной совещанэм хэтыну лIыкIуэхэу 25-рэ.

Иосиф Виссарионович СТАЛИН

БЭРЫКЭТ Хьэжумар Хьид и къуэр

Къэбэрдей АССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидатхэу

ЛЪОСТЭН Кэлимэт ТIутI и къуэр

РСФСР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату къагъэлъэгъуащ

Шэджэм районым щыщ Щхьэлыкъуэ къуажэм Кировым и цIэкIэ щызэхэт колхозым и колхозхэтхэм я собранэ январым и 12-м зэхэтащ, Къэбэрдей АССР-м и Верховнэ Советымрэ РСФСР-м и Верховнэ Советымрэ я депутатхэм я кандидатхэр къагъэлъэгъуэным теухуауэ.

ГуфIэгъуэ собранэр къызэIуаха иужь псалъэ къыIеx Хэку Зауэшхуэм хэта Щоджэн Умар Къамбот и къуэм. — Россием и цIыху лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм, — жеIэр абы,—я псэукIэр езыгъэфIакIуэ, абыхэм я зэкъуэтыныгъэр зыгъэбыдэ, псэукIэщIэр тхуэзыухуа, текIуэныгъэщIэм дыхуэзышэ ди егъэджакIуэ Иосиф Виссарионович Сталиныр Къэбэрдей АССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату къызогъэлъагъуэр.

Клубым Iэгуауэ иным зыкъыщеIэт. Хъуэхъухэр къоIур: **«Сталиныр — ди дыгъэщ», «Сталиным — щытхъу!, «Иугъащ'э ди вождь товарищ Сталиным!».**

— Товарищ Сталиным и цIэр,— жеIэ колхозхэт—лIыжь Къардэн ТIэмашэ, — дэ ди дежкIэ икъукIэ лъапIэщ. Товарищ Сталиным и псэемыблэж лэжьэкIэм, абы и акъыл Iущым къыхэкIкIэ псэукIэщIэр дыухуэну амал дгъуэтащ. Сэ си гуапэу дызоIыгъыр товарищ Сталиным и кандидатурэр икIи ди хэхыпIэ округым щыхэтхынымкIэ арэзыныгъэ къитыну делъэIуну фыкъыхузоджэр.

— Сэ си щхьэгъусэр нэмыцэ фашистхэм ди хэкур щыхъумэнымкIэ екIуэкIа зауэм хэкIуэдащ,—жеIэр колхозым и лэжьакIуэфI ХъутIэ Малихьэт. Дэ зауэ дыхуейкъым. Мамырыгъэм и хъумакIуэ пэж товарищ Сталиныр дэ ди гъусэщ. —Сэ си гуапэу дызоIыгъыр ди мамырыгъэ псэукIэм и къызагъэпэщакIуэ товарищ Сталиныр ди республикэм и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату къэгъэлъэгъуэнымкIэ предложенэр. (Iэгу йоуэхэр).

Колхозым и комсомол организацэм и секретарь тов. Шыкъ Мухьэб псалъэ къыIеxыр.

—КъАССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату, — жеIэр абы, — къэзгъэлъэгъуэну сэ къызогъэувыр партым и Къэбэрдей обкомым и партийнэ, профсоюзнэ, комсомольскэ отделым и заведующ тов. Бэрыкэт Хьэжумар Хьид и къуэр. Тов. Бэрыкэтыр партым и къуэ пэжхэм яшыщ зыщ, ар зыбгъэдэт IэнатIэр щIыхь пылъу егъэзащIэр икIи абы къыхэкIкIэ ар Къэбэрдейм и гуащIэрыпсэухэм фIыуэ ялъагъу икIи щIыхьышхуэ хуащI.

А предложенэр дыIыгъыу собранэм къыщыпсэлъащ тов. Жамбэч Хьэбас.

Собранэм хэтахэм зэдэарэзыуэ унафэ къащтащ Къэбэрдей АССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидатхэу Иосиф Виссарионович Сталинымрэ Бэрыкэт Хьэжумар Хьид и къуэмрэ Шалушкэ хэхыпIэ округ № 23-м щыхахыным папщIэкIэ къагъэлъэгъуэну икIи а хэхыпIэ округым щыхахынымкIэ абыхэм я арэзыныгъэ къатыну елъэIуащ.

РСФСР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату Налшык лы комбинатымрэ кондитерскэ фабрикэмрэ я лэжьакIуэ коллективхэм къагъэлъэгъуа, къэбэрдей народым и къуэ пэж, КъАССР-м и Верховнэ Советым и Президиумым и секретарь Лъостэн Кэлимэт ТIутI и къуэм и кандидатурэр собранэм хэтахэм зыкъэIэтыныгъэ инкIэ дaIыгъащ.

Хэхыныгъэм ипэ къихуэ окружной совещанэм хэтыну цIыхухэр собранэм хихащ.

Ст. Шэрэдж къуажэм Ворошиловым и цIэкIэ щызэхэт колхозым и колхозхэтхэм Къэбэрдей АССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидатхэу къагъэлъэгъуащ

Иосиф Виссарионович СТАЛИН

ХЪУРАН Хьэжмурид Лэкъумэн и къуэр

Аруан районым щыщ Ст. Шэрэдж къуажэм Ворошиловым и цIэкIэ щызэхэт мэкъумэш артелым и колхозхэтхэм я общэ собранэ зэхэтащ Къэбэрдей АССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидатхэр къагъэлъэгъуэным теухуауэ.

Собранэр къызэIуехыр колхозым и председатель тов. Иуан Малил. Псалъэ къыIеxыр Аруан райис[illegible] сарионович Сталиным и кандидатурэр къэдгъэлъэгъуэну. Товарищ Сталиныр ди депутату щытыныр, Къэбэрдей АССР-м и Верховнэ Советым хэтыныр ди дежкIэ насыпышхуэщ. (Собранэм щIэс псори Iэгу йоуэхэр).

Сталин иныр Къэбэрдей АССР-м и Верховнэ Советым хахыным папщIэ къэгъэлъэгъуаным теухуауэ тов. ГъукIэжьым къигъэува Iуэху[illegible] и Iуэхутхьэбзащlэ пэж ар хъунщ. Сэ фыкъыхузоджэр тов. Хъураным папщIэ хэхыгъуэ махуэм псоми зым хуэдэу Iэ фIэтыну.

Тов. Хъуран М. Л. и кандидатурэр къэгъэлъэгъуэнымкIэ предложенэр дaIыгъыу собранэм къыщыпсэлъахэщ мэкъумэш бригадэм и бригадир тов. Иуан Хьэзрэт, колхозхэтхэу ГъукIэжьыр, Тхьэзэплъ Мы[illegible]

Иосиф Виссарионович СТАЛИН

ЕВГЪЭЖЬЫКЪУЭ Николай МатI и къуэр

Къэбэрдей АССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидатхэу къагъэлъэгъуащ

Георгий Яковлевич ДЕНИСОВ

РСФСР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату къызэрагъэлъэгъуар дaIыгъащ

Аруан районым щыщ Докшукино щыIэ элеваторым и лэжьакIуэхэм я общэ собранэ зэхэтащ Къэбэрдей АССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидатхэр къэгъэлъэгъуэным теухуауэ.

Япэу псалъэ къыIеxыр элеваторым и лэжьакIуэ тов. Наурзокъуэм. Абы къыжеIэр:

—Товарищхэ! Псом япэу зицIэ ираIуэ, народ псоми я зэхуэдэ икIи я япэ кандидат товарищ Иосиф Виссарионович Сталиным и кандидатурэр къэдгъэлъэгъуэну сэ къызогъэувыр, Къэбэрдей АССР-м и Верховнэ Советым хахыным папщIэ. (Iэгуауэ инкIэ собранэр а псалъэхэм Iуощlэр).

Тов. Наурзокъуэм и предложенэр гуапэу диIыгъыу собранэм къыщопсалъэхэр Павленко, Хужьокъуэр, Кабалоевыр, Тихов сымэ.

АдэкIэ тов. Тиховым къегъэувыр Докшукино щыIэ заводым и лэжьакIуэхэм къагъэлъэгъуа тов. Денисов Георгий Яковлевич и кандидатурэр дaIыгъыну, Октябрьскэ хэхыпIэ округ № 727-м РСФСР-м и Верховнэ Советым и депутату щыхахыным папщIэ. А Iуэхугъуэри собранэм къещтэр.

ПсалъапIэм итщ прораб тов. Баевыр. Абы къыжеIэр:

— Товарищхэ! Сэ къызогъэувыр Комсомольскэ хэхыпIэ округ № 84-м Къэбэрдей АССР-м и Верховнэ Советым и депутату щыхахыным папщIэкIэ къэдгъэлъэгъуэну заводым и директор тов. Евгъэжьыкъуэ Николай МатI и къуэр.

Тов. Евгъэжьыкъуэ Н. М. и кандидатурэр къэгъэлъэгъуэнымкIэ тов. Баевым къигъэува Iуэхугъуэр дaIыгъыу собранэм къыщыпсэлъахэщ Елеев, Кабалоев сымэ. Абыхэм къыжаIащ тов. Евгъэжьыкъуэр къэбэрдей народым, Лениным—Сталиным я партым и къуэ пэжу, зыхуэфащэ кандидату зэрыщытыр.

Собранэм зэдэарэзыуэ унафэ къищтащ Комсомольскэ хэхыпIэ округ № 84-м Къэбэрдей АССР-м и Верховнэ Советым и депутату щыхахын папщIэ тов. Евгъэжьыкъуэ Николай МатI и къуэм и кандидатурэр къигъэлъагъуэу икIи арэзыныгъэ къитыну абы елъэIуащ.

Хэхыныгъэм ипэ къихуэ окружной совещанэм хэтыну лIыкIуэхэр собранэм хихащ.

Иосиф Виссарионович СТАЛИН

БЕКШОКЪУЭ Ляху Хьэбыж ипхъур

КъАССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидатхэу къагъэлъэгъуащ

КъАССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидатхэр къагъэлъэгъуэным теухуауэ Шэджэм районым Сталиным и цIэкIэ щызэхэт колхозым и колхозхэтхэм я собранэ иджыблагъэ зэхэтащ.

— Сэ ди колхозхэтхэм я цIэкIэ,— жиIащ колхозым и партийнэ организацэм и секретарым и заместитель тов. Мамхэгъым, —КъАССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату къызогъэлъагъуэ гуащIэрыпсэууэ дунейм тет псоми я вождь, мамырыгъэм и банакIуэ, мэкъумэшышIэхэм я ныбжьэгъуфI дыдэ Иосиф Виссарионович Сталин иныр.

Товарищ Сталиныр КъАССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату къэгъэлъэгъуэнымкIэ предложенэр дaIыгъыу къэпсэлъахэщ колхозхэтхэу Сасыкъыр, Щадыр.

Псалъэ ират колхозым и председатель тов. Сасыкъ Цацурэ.

— КъАССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату хэхыпIэ округ № 21-м щыхахын папщIэкIэ, — жеIэр абы, — сэ къызогъэлъагъуэ ди колхозым и звеньевод нэхъыфI Бекшокъуэ Ляху Хьэбыж и пхъур. Тов. Бекшокъуэм егъэбыдылIа щIым гъавэ бэв къытрихащ, иджыпсту абы и звенор гъатхасэм хуэхьэзырщ. Сэ си гугъэщ тов. Бекшокъуэр КъАССР-м и Верховнэ Советым и депутату хэтхым дыкъигъэпэжыну.

Собранэм къырихьэлIа колхозхэтхэм зым хуэдэу зэрыарэзыр къыжаIахэщ товарищ Сталинымрэ тов. Бекшокъуэмрэ КъАССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату къыщыгъэлъэгъуэнымкIэ.

Собранэм унафэ ищIащ товарищ Сталинымрэ тов. Бекшокъуэмрэ я арэзыныгъэ къатыну елъэIуну, КъАССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэу хахын папщIэ.

Хэхыныгъэм ипэ къихуэ окружной совещанэм хэтыну лIыкIуэхэр собранэм хихащ.

СОЛОВЬЕВ Сергей Кузьмич

КъАССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату къагъэлъэгъуащ

Налшык дэт мельзаводым и [illegible] рионович Сталин иныршщ. Сэ фы[illegible] хыным папщIэ — жиIащ абы [illegible]

хуэщIыр РСФСР-мрэ КъАССР-мрэ я Верховнэ Советхэм я депутатхэм я кандидатхэр къэгъэлъэгъуэныр иджы зэрекIуэкIым, рабочэхэм, колхозхэтхэм япэ кандидату товарищ Иосиф Виссарионович Сталиныр къызэрагъэлъагъуэр къыжеIэр.

Псалъэ пIэм итщ колхозхэт—коммунисткэ тов. ГъукIэжь Хъани. Абы къыжеIэр:

—Товарищ колхозхэтхэ! Дэ нобэ ди гуфIэгъуэ инщ. Псоми дигу къокIыр товарищ Сталин иныр. Ар здэщыIэм гъащIэ дахэр, насыпыр, текIуэныгъэр, мамырыгъэр щыIэнщ. Сэ къызогъэувыр Къэбэрдей АССР-м и Верховнэ Советым хахын папщIэ товарищ Иосиф Виссарионович ... Советым и председатель тов. Къамбий М., нэгъуэщIхэри икIи а предложенэр Iэгуауэ иным щIэту собранэм къещтэр.

Псалъэ къыIехыр колхозым и бухгалтер тов. Ащын Мухьэжыр. Абы къегъэувыр Шэрэдж хэхыпIэ округ № 88-м Къэбэрдей АССР-м и Верховнэ Советым и депутату щыхахын папщIэ ВКП(б)-м и Аруан райкомым и япэ секретарь тов. Хъуран Хьэжмурид Лэкъумэн и къуэм и кандидатурэр къагъэлъагъуэну. Тов. Хъураныр, — жеIэр абы, — къэбэрдей народым и къуэ пэжщ, ВКП(б)-м и райкомым и япэ секретару щыткIэрэ, и къалэныр щIыхь пылъу абы егъэзащIэр. Дыкъигъэпэжынщ дэ абы, народым

Арэзыныгъэ хэлъу собранэм унафэ къищтащ Шэрэдж хэхыпIэ округ № 88-м Къэбэрдей АССР-м и Верховнэ Советым и депутату щыхахыным папщIэ тов. Хъуран Хьэжмурид Лэкъумэн и къуэм и кандидатурэр къагъэлъагъуэу икIи арэзыныгъэ къитыну абы елъэIуащ.

Абы хуэдэу собранэм хихащ хэхыныгъэм ипэ къихуэу екIуэкIыну окружной совещанэм хэтыну лIыкIуэхэр.

Хэхыныгъэм и щIыхькIэ социалистическэ зэхьэзэхуэм хыхьэкIэрэ, колхозхэтхэм къалэн зыщащIыжащ гъатхэ вэн-сэным зыхуагъэхьэзырыныкIэ лэжьыгъэ псори хэхыгъуэ махуэм ирихьэлIэу зэфIагъэкIыну.

ныгъэм, щIыпIэ Советхэм щыхахым коммунистхэмрэ партым хэмытхэмрэ папщIэ зым хуэдэу псоми Iэ яIэткIэрэ, ди къэралым и гуащIэрыпсэухэм къагъэлъэгъуащ,—жиIащ заводым и директор тов. Матюшиным,—мыкъутэжын сталинскэ зэкъуэтыныгъэм и быдагъыр. Иджы РСФСР-мрэ КъАССР-мрэ я Верховнэ Советхэм я кандидату дэ къыдогъэлъагъуэ ди къэралым и къуэ ипхъу нэхъыфIхэр. Ди республикэм и гуащIэрыпсэухэм КъАССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату япэ дыдэ зи цIэ иратIуар ди къэралым и гуащIэрыпсэухэм я адэ, дуней псом мамырыгъэ щыIэным и банакIуэ лъэщ товарищ Иосиф Висса...

Псалъэ пIэм итщ къэрэгъулхэм я начальник тов. Новоселовыр.

—РСФСР-м и Верховнэ Советым хэхынымкIэ хэхыпIэ округ № 726-м щыхахын папщIэ сэ къызогъэлъагъуэ Къэбэрдей АССР-м и Верховнэ Советым и Президиумым и Секретарь тов. Лъостэн Қалимэт ТIутI и къуэр. Тов. Лъостэныр мэкъумэшыщIэ унагъуэм къыхэкIащ, советскэ къэралым игъэсащ.

Псалъэ ират мельзаводым и партийнэ организацэм и секретарь тов. Лещенко.

—Къэбэрдей АССР-м и Верховнэ Советым хэхынымкIэ Налшык къалэ хэхыпI округ № 7-м щыхаигъэса цIыхущ, махуэ къэс и щIэныгъэм хегъахъуэ, ди лэжьыгъэм ныкъусаныгъэ хэлъхэр гъэкIуэдыныпкIэ къыддоIэпыкъу. Сэ си гугъэщ тов. Соловьев дэ хуэтщI дзыхьыр игъэпэжыну.

Тов. Лещенко и предложенэр даIыгъыу собранэм къыщыпсэлъахэщ заводым и лэжьакIуэхэу, т.т. Продин, Юрко сымэ.

Собранэм хэтахэм зым хуэдэу зэдэарэзыгуэ унафэ ящIащ тов. Лъостэн Қалимэт ТIутI и къуэр РСФСР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату, тов. Соловьев Сергей Кузьмич КъАССР-м и Верховнэ Советым и депутатхэм я кандидату къагъэлъэгъуэну.

КОНСУЛЬТАЦЭ

ХэхакIуэхэм я списокхэр

ХэхыныгъэмкIэ советскэ законым —дуней псом и кIуэцIкIэ нэхъ демократическэу щытым ипкъ иткIэ хэхакIуэхэм я спискэхэр тхыныр къалэхэм я кIуэцIкIэ — гуащIэрыпсэухэм я депутатхэм я къалэ Советхэм я исполнительнэ комитетхэм, поселкэхэм я кIуэцIкIэ — гуащIэрыпсэухэм я депутатхэм я поселкэ Советхэм я исполнительнэ комитетхэм, къуажэ щIыпIэхэм я кIуэцIкIэ — гуащIэрыпсэухэм я депутатхэм я къуажэ, станицэ Советхэм я исполнительнэ комитетхэм я пщэ дэлъщ.

СССР-м IэщэкIэ зэщIэузэдауэ иIэ къарухэм хэт гражданинхэм хуитыныгъэ яIэщ РСФСР-м и Верховнэ Советымрэ Къэбэрдей АССР-м и Верховнэ Советымрэ хахыну, езыхэри хахауэ щытыну, адрей гражданин псоми хуэдэу.

Дзэ частхэмрэ дзэ соединенэхэмрэ хэт хэхакIуэхэм я спискэхэр абыхэм я командованэм стхыр, командирым и Iэ щIэлъу. Дзэ частхэмрэ дзэ соединенэхэмрэ, абы хуэдэ къабзэу военнэ IуэхущIапIэхэм (военнэ комиссариатхэм, управленэхэм, комендатурэхэм, н. къ.) къулыкъу щызыщIэ адрей псори ахэр щыпсэу щIыпIэм щатх хэхакIуэ спискэхэм иратхэр Советхэм я исполнительнэ комитетхэм.

ХэхакIуэхэм я спискэхэр тхыныр мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущ, ар Советхэм я лэжьакIуэхэм я закъуэкIэ тэмэму тха хъунукъым. ХэхакIуэхэм я спискэхэр тхыным Советхэм я исполнительнэ комитетхэм зыубгъуауэ ирагъэлэжьын хуейщ советскэ, комсомол, профсоюз активыр, IуэхущIапIэхэмрэ общественнэ организацэхэмрэ я лэжьакIуэхэр.

ХэхакIуэхэм я спискэхэм иратхэным папщIэкIэ документ гуэр е лъэIу Советым иратын хуейкъым. Къалэ, къуажэ, станицэ, поселкэ Советхэм я исполнительнэ комитетхэм хэхакIуэхэм я спискэхэр къалэхэм я кIуэцIкIэ — домовой книгэхэм ипкъ иткIэ, къуажэ щIыпIэхэм я кIуэцIкIэ — къуажэ Совет къэс унагъуэхэр иту щыIэ тхылъхэм ипкъ иткIэ щатхыр. Гурыщхъуэ ящIу щытмэ, хэхакIуэхэр спискэм иратхэным папщIэкIэ зыхуей псори шымыIэу щытмэ, спискэхэр езы хэхакIуэхэм еупщIкIэрэ ятхыр. Иджы екIуэкI хэхыныгъэ лэжьыгъэм и кIуэцIкIэ щIыпIэ Советхэм хэхыным папщIэкIэ 1950 гъэм декабрым ятха хэхакIуэ спискэхэр лъабжьэу щытын хуейщ; абыхэм щIыгъужын хуейщ щIыпIэ Советхэм щыхахым хэхыныгъэм хэмыта, арщхьэкIэ РСФСР-мрэ КъАССР-мрэ я Верховнэ Советхэм щыхахыну махуэм ирихьэлIэу зи ныбжьыр илъэс 18 ирикъу хэхакIуэ ныбжьыщIэхэр; абыхэм итхъыкIыжын хуейщ щыпсэу щIыпIэхэр зыхъуэжу нэгъуэщI щIыпIэ кIуа хэхакIуэхэр. ХэхакIуэхэм я спискэхэм щыхахыну махуэхэм ирихьэлIэу зи ныбжьыр илъэс 18 ирикъу, хэхыныгъэмкIэ хуитыныгъэ зиIэ Советым и щIыпIэм спискэхэр щатхым ирихьэлIэу щыпсэу цIыху псори иратхэр, нэгъуэщIу, жыпIэмэ, 1933 гъэм февралым и 18-м нэсыху къалъхуа советскэ щIалэгъуалэ псори адрей цIыхухэм хуэдэу хэхыныгъэм хэтынущ. ХэхыныгъэмкIэ хуитыныгъэр абы хуэдэу зыубгъуауэ цIыхухэм щаIэр социализмэр щытекIуа Советскэ Союзым и закъуэщ.

Спискэр зытх Советым и исполнительнэ комитетыр зи ныбжьыр илъэс 18 ирикъу хэхакIуэр къыщалъхуа махуэм, мазэм тэмэму щыгъуазэу щымытмэ, а илъэсым январым и 1-м, нэгъуэщIу жыпIэмэ, 1933 гъэм январым и 1-м ар къалъхуауэ ягъэувыр икIи хэхакIуэхэм я спискэм иратхэр.

Зи ныбжьыр илъэс 18-м щIигъу цIыхухэр хэхакIуэхэм я спискэм иратхэ хъунущ къыщалъхуа илъэс къудейм фIэкIа имыту.

ХэхакIуэхэм я спискэхэм хэхыныгъэ хуитыныгъэр судкIэ зыIаха цIыхухэр, абы хуэдэ къабзэу зи акъылыр зыфIэкIуэдауэ хабзэм ипкъ иткIэ къалъытахэр иратхэркъым.

«РСФСР-м и Верховнэ Советым хэхынымкIэ Положенэм» и 10-нэ статьям ипкъ иткIэ РСФСР-мрэ КъАССР-мрэ я щIыпIэм щыпсэу, арщхьэкIэ нэгъуэщI къэралхэм я цIыхуу щытхэр хэхакIуэхэм я спискэхэм иратхэркъым.

ХэхакIуэхэм я спискэхэр хэхыпIэ участкэ къэс хьэрфхэр зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу хуатхыр. ХэхакIуэхэм шыщу зыри хэхакIуэхэм я спискэу зым фIэкIа иратха хъунукъым. Спискэхэр хьэрфкIэ зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу тхыным мыхьэнэшхуэ иIэщ, сыту жыпIэмэ хэхакIуэхэр спискэм зэрыратхар къыщапщытэкIэ абы Iуэхур къегъэпсынщIэр, абы хуэдэ къабзэу Участковэ хэхакIуэ комиссэм и лэжьыгъэр щыхах махуэм абы нэхъ тынш ещIыр.

ХэхакIуэхэм я спискэр езы хэхыпIэ участкэм щыпсэу цIыхухэм я нэхъыбэм я бзэкIэ ятхыр. Спискэм и щыIум тратхэр къуажэм (поселкэм, станицэм, жылэм, хуторым), районым зэреджэр, къалэхэм я кIуэцIкIэ — къалэцIэр. Абы хуэдэ къабзэу тратхэр хэхыпIэ участкэр зыхыхьэ хэхыпIэ округхэм я номерхэр, абыхэм зэреджэр, езы участкэм и номерыр. ХэхыпIэ участкэ къэс округыу 2—РСФСР-м и Верховнэ Советым хэхынымкIэ зы округ Къэбэрдей АССР-м и Верховнэ Советым хэхынымкIэ нэгъуэщI округрэ хыхьэу щыщыткIэ, участкэ къэс номеритI иратыр.

Дэтхэнэ хэхакIуэхэм щхьэкIи хэхакIуэхэм я спискэм Советым и исполкомхэм мыхэр иретхэр: унэцIэр, цIэр, адэцIэр, къыщалъхуа махэр, мазэр, илъэсыр, щыпсэу щIыпIэр.

ХэхакIуэхэм я спискэхэр щатхкIэ яIэщIэкI щыуагъэхэр къыщIэгъэщыным икIи гъэзэкIуэжыным папщIэ Советхэм я исполнительнэ комитетхэм я къалэнщ хэхыныгъэм махуэ 30 иIэжу хэхакIуэхэм я спискэхэр къырaIулIыну, псоми ялъагъуным папщIэкIэ. Дэтхэнэ хэхакIуэми лъэкIыныгъэ иIэщ хэхакIуэхэм я спискэм итрэ имытрэ къищытэну, и унэцIэр, цIэр, адэцIэр тэмэму ятхауэ щытрэ щымытрэ зригъэщIэну. Спискэм ирамытхауэ е иратхыкIыжауэ, хэхыныгъэмкIэ хуитыныгъэр зыIаха цIыхухэр тыуагъэкIэ спискэм иратхауэ, унэцIэр, цIэр, адэцIэр тэмэму тха мыхъуауэ щытмэ, дэтхэнэ цIыхуми абы теухуа лъэIур спискэр зытха Советым и исполнительнэ комитетым иритын хуейщ. ЛъэIур Участковэ хэхакIуэ комиссэми къыIих хъунущ. Абы щыгъуэ Участковэ хэхакIуэ комиссэм Iэрыхьа лъэIур а махуэ дыдэм Советым и исполнительнэ комитетым деж ирегъэхь.

Псоми ялъагъуным папщIэкIэ хэхакIуэхэм я спискэхэр здэщыIэ унэм Участковэ хэхакIуэ комиссэм хэтхэмрэ Советым и лэжьакIуэхэмрэ щIэсын хуейщ спискэхэм итхэр гурагъэIуэным, абы хуэдэ къабзэу хэхакIуэхэм я спискэхэм хэлъ щыуагъэм теухуауэ къыжаIэхэр, къат лъэIухэр къыIахыным папщIэкIэ.

ХэхакIуэхэм я спискэм хэлъ щыуагъэм теухуа лъэIур къыIэрыхьа нэужьым Советым и исполнительнэ комитетыр абы махуи 3 нэхъ дэмыкIыу хэплъэн икIи спискэм зэгъэзэхуэжыныгъэ хилъхьэн е зыщIэлъэIуар хуамыщIэныгъэм теухуа справкэр лъэIур зейм иритын хуейщ. ХэхакIуэхэм я спискэм хэт щыуагъэхэм я IуэхукIэ Советым и исполнительнэ комитетым ищIа унафэмкIэ лъэIур зытам игу мызагъэу щытмэ, хэхыпIэ участкэр здэщыIэ районым и Народнэ судым ар щытхьэусыхэ хъунущ.

Народнэ судхэм я къалэнщ хэхакIуэхэм я спискэм хэт щыуагъэм и IуэхукIи цIыху гуэрыр щыуагъэкIэ хэхакIуэхэм я спискэм иратхауэ е хэхыныгъэмкIэ хуитыныгъэ зиIэ цIыхур спискэхэм ирамытхауэ къыжызыIэхэми я Iуэхум хэплъэну.

Абы хуэдэ щIыкIэкIэ, хэхыныгъэм теухуа ди законым хэхакIуэхэм я спискэхэр тхынымкIэ игъэува хабзэр тыншщ, демократнем тетщ, щыуагъэ, зэхьэкIыныгъэ гуэри щымыIэнымкIэ лъэкIыныгъэ къетыр.

ХэхакIуэхэм я спискэхэр экземпляри 3 хъууэ ятхыр. Абыхэм щыщу зыр (къызытратхыкIар) Советым щIэлъу яхъумэр, етIуанэр псоми ялъагъуным папщIэкIэ къыфIадзэр е Советым, хэхыпIэ Участкэм я унэм щыIэщ—хэхакIуэхэр щыгъуазэ ящIыным папщIэкIэ, ещанэр къапщыта икIи зырагъэзэхуэжа нэужьым щыхахыну махуэр къэблэгъауэ Участковэ хэхакIуэ комиссэм иратыр.

ХэхакIуэр щыпсэу щIыпIэр хэхакIуэхэм я спискэр ятха нэужьым хэхыныгъэр къэмыс щIыкIэ ихъуэжу щытмэ, хэхакIуэм абы и хъыбар япэм щыпсэуа щIыпIэм щыIэ Советым и исполнительнэ комитетым иригъэщIэн хуейщ. Абы щыгъуэ Советым и исполнительнэ комитетым абы иретыр «Iэ иIэтыну зэрыхуитымкIэ щыхьэтлыкъ тхылъ». ХэхакIуэхэм я спискэм третхэр хэхакIуэр а хэхыпIэ участкэм зэрыщымыIэжымкIэ.

Щыпсэуну здэкIуа щIыпIэщIэм хэхакIуэр хэхакIуэхэм я спискэм щыратхэр «Iэ иIэтыну зэрыхуитымкIэ щыхьэтлыкъ тхылъыр», езыр зищIысыр къэзыгъэлъагъуэ тхылъхэр яригъэлъэгъуа нэужьым икIи ар хэхыныгъэм хэтщ.

РСФСР-м и Верховнэ Советымрэ Къэбэрдей АССР-м и Верховнэ Советымрэ хэхыным ехъулIэныгъэ хэлъыныр хэхыныгъэм организационнэ илъэныкъуэкIэ зыхуэгъэхьэзырыным, хэхакIуэхэм я спискэхэм хэхакIуэ псори тэмэму итхэным зыкъомкIэ елъытауэ щытынущ. ХэхакIуэхэм я спискэхэр тэмэму тхыныр хэхыныгъэмкIэ псоми я зэхуэдэ хуитыныгъэр ягъэзэщIэным папщIэкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхуу щытщ.

Ф. ДЕНИСОВ.

Критикэрэ библиографиерэ

„Насып вагъуэ"

Къэбэрдей усакIуэ ныбжьыщIэ ХьэхъупащIэ Хьэжбэчыр тхылъ еджэхэм зэрацIыхур абы и усэ зэрызхэу тхылъхэм, альманаххэм, газетхэм техуахэрщ. Луэ 1950 гъэм Къэбэрдей къэрал тхылъ тедзапIэм Налшык къыщыдигъэкIа «Насып вагъуэ» жыхуиIэ усэ сборникым авторым и тхыгъэ нэхъыфIхэр щызэхуэхьэсащ.

УсакIуэм и сборникым уеджэкIэрэ, къыбохутэр ар авторым и ехъулIэныгъэу зэрыщытыр. Автор ныбжьыщIэр псом япэу хуоусэр советскэ щIалэгъуалэм гъуэгу пэж къезыта, советскэ народ псор коммунизмэм и лъэгапIэм емызэшыжу хуэзышэ ди адэ икIи ди вождь товарищ Сталиным. Сборникыр «Сталиным папщIэкIэ» жыхуиIэ усэмкIэ къызэIуехыр. А усэм авторым къыщегъэлъагъуэр цIыхубэм и плъапIэр Сталин иныр ару зэрыщытыр, абыхэм товарищ Сталиным фIылъагъуныгъэ ин хуаIэр, абы советскэ народым къыхуихьа фIыгъуэ инхэр.

ЕтIуанэ усэр авторым большевик партым хуетхыр. Ар усакIуэм и ехъулIэныгъэ ину убж хъунущ. Къару ин хэлъу, пэжагъ иныр и лъабжьэу партым и лэжьыгъэхэр, абы цIыхубэр зэригъасэр, икъукIэ сакъыу зэрыщытыр, бийхэм екIурабгъу имыIэу ебэнкIэрэ советскэ обществэр япэкIэ зэришэм авторыр тотхыхь:

Дэнику носыр,
Елъагъуур псорикI,
Щыуагъэм зэикI
Хуигъазэркъым Хэкур.

Народхэм зэныбжьэгъуныгъэ быдэ якум далъыным большевик партыр щIобэн, ар дэтхэнэ зыми белджылыуэ елъагъу:

Большевик партыр—
Дэ ди нэмысщ,
Большевик партыр
Дэ ди насыпщ,
Большевик партыр—
Псоми ди къуэшщ,
Зэшыгъэ быдэр
Лъэпкъхэм къытхелъхьэр.

Родинэм теухуа усэхэм сборникым щIыпIэшхуэ щаубыд: «Си Хэку», «Насыпым и вагъуэ», «Мазкуу», «Урыс народым!», «Солъагъур фIыщэу ди Къэбэрдейр», «Си къуажэ» усэхэр псори Родинэм и хуитыныгъэшхуэр, насыпу Родинэм илъыр къэзыгъэлъагъуэу щытщ.

ФIылъагъуныгъэр гуащIэдэкIым къыбгъэдихыркъым авторым. Ар фIыщ. ФIылъагъуныгъэмрэ гуащIэдэкI хъэлэлымрэ зэлъытауэ, зыуэ щытын хуейщ. Абы хуэдэщ советскэ цIыхухэм я гупсысэр, я хъэлыр. «Соукlытэри сепсэлъэфыркъым» жыхуиIэ усэм дэ щыдолъагъур Хъэсэным фIыуэ илъагъу хъыджэбзым ар зэрыхуэмыхур, и ныбжьэгъухэм зэрыщIэмыхъэр абы къызэрыриIуэкIыр. Абы хуэдэу обществэм щIалэ ныбжьыщIэр гъуэгу пэжым тырегъэувэр, ауэ а хъыджэбзым и ныбжьэгъухэм жаIэр абы къезэгъыжыркъым:

«ТIасэ, уа Хъэсэн умыгъэпуд,
Укъыдэхэм, си псэ, зэгъэзэгъ.
Уэ пхуэдэпсу нэгъуэщI пщащэ
куэд
Ди бригадэм зэрыхэтыр щIэ!».

Абы хуэмыдэу, Хьэсэп зыпылъ хъыджэбзым коллективым и гухэлъыр къыжиIамэ нэхъыфIат.

Абы къыдэкIуэу къыжыIэн хуейщ усэ тхыкIэм и хабзэм ХьэхъупащIэр щытекI куэд дыдэрэ къызэрыхъур. Мы усэ дыдэр рифмэ, ритмэхэм къезэгъыу тхакъым. Музыкальнэ интонацэ иIэу тхауи жыпIэ хъунукъым. Ахэр щыпкъутэ хъун щыIэщ, ауэ усэр зэрыщыту абы къемызэгъыу тхамэ, усэ теплъэ игъуэтыжыркъым.

Сборник псом дэнэ и дежи къыхыбохутыкIыр патриотическэ макъыр. Патриотическэ темэр ХьэхъупащIэм фIыуэ къохъулIэр. Абы патриотыгъэр сыт хуэдэ лэжьыгъэми ирепх. ХьэхъупащIэм къызэрилъытэмкIэ Родинэм къулайгъэ къыхуэпхьу ухуэлэжьэнри, Родинэр хъумэнри, Родинэм и бийр лъагъумыхъуныгъэри, ди большевик партым, Сталин иным гурэ псэкIэ уабгъэдэтынри, народым фIылъагъуныгъэ хуиIэнри—псори ахэр патриотыгъэщ. ИкIи пэжщ. Советскэ цIыхухэм а Iуэхугъуэ псори патриотыгъэу ябжыр. Авторым езым и гум илъ дыдэр къыжиIэкIэрэ, «Си макъ» жыхуиIэ усэм щетхыр:

Нэхущ,
ГуфIэгъуэщ,
Насыпщ
ДищI ущыпсэупыр.
Лъыхъуэ,
КъащIэ,
КъэкIухь?
Уэ бгъуэтынкъым

Корейм къыщыхъуахэр

НАРОДНЭ АРМЭМ И КОМАНДОВАНЭ НЭХЪЫЩХЬЭМ КЪИТ ХЪЫБАР

ПХЕНЬЯН, январым и 12-м. (ТАСС). Корейм и народнэ-демократическэ республикэм и Народнэ армэм и командованэ Нэхъыщхьэм нобэ къита хъыбарым къызэригъэлъагъуэмкIэ, Народнэ армэм и частхэмрэ китайскэ добровольцхэмрэ зэгъусэу фронт псоми кIуатэныгъэр щырагъэкIуэкI, бийм хэщIыныгъэ ин ираткIэрэ.

Воньчжу (Генсю) щхьэхуит къегъэщIыным папщIэкIэ екIуэкIа зауэм Народнэ армэм и частхэм американскэ, лисынмановскэ дзэхэм щыщу куэд хьэлэч щащIащ. Бийм и сэлэту, офицеру 2.700-м щIигъу укIыгъэ, уIэгъэ хъуащ, абыхэм щыщу 1700-м щIигъур американцщ. Бийм и сэлэту, офицеру 207 къаубыдащ. Iэщэфащэ куэд къащтащ.

Корейм зауэр щегъэкIуэкIын папщIэ США-м японцхэр къегъэсэбэпыр

НЬЮ-ЙОРК, январым и 11-м. (ТАСС). «Нью-Йорк геральд трибюн» газетым и корреспондентым хъыбар къызэритымкIэ, США-м и кхъухьлъатэхэу Дальнэ Востокым щыIэхэм я техническэ управленэ нэхъыщхьэм и начальник бригаднэ генерал Дойл къыжиIащ Макартур и унафэм щIэт, Корейм и Народнэ армэм езауэ къухьлъатэхэр ремонт щIыным икIи техническэкIэ кIэлъыплъыныгъэм Японым и цIыхухэм щыщу мини 10 елэжьу. Абы къыжиIащ Японым щыщ а цIыхухэр къадэмыIэпыкъуу щытамэ США-м и кхъухьлъатэхэм Дальнэ Востокым зауэр щырамыгъэкIуэкIыфыну.

Дуней псо Мамырыгъэ Советым и бюром заседанэ иригъэкIуэкIащ



Венгерскэ народнэ республикэм кIуэ пэтми зыщеубгъур стахановскэ зэщIэхъееныгъэм. Советскэ новаторхэм я опытыр зырагъэщIауэ, рабочэ пашэхэу минипщI зыбжанэм нормэхэм щIырагъэгъур, фIагъ ин зиIэ продукцэ фIэкIа къыщIагъэкIыркъым. «Рэсеманн и Харматта» машинэ зыщI заводым щыщIарыIуэщ стахановец Отто Фрей. Лэжьыгъэ гугъу игъэзащIэкIэрэ, абы сыт щыгъуи нормэм куэдкIэ щIырегъэгъур, фIагъ ин зиIэ продукцэхэр къыщIегъэкIыр.

Сурэтым: лэжьакIуэ пашэ О. Фрей станокым бгъэдэту арщ.

(ТАСС-м и фотохроникэ).

Францым и национальнэ собранэм

ПАРИЖ, январым и 11-м. (ТАСС). Военнэ бюджетымрэ IэщэкIэ зызэщIэузэдэнымкIэ программэмрэ къэщтэным теухуауэ парламентым иригъэкIуэкIа сессие щхьэхуэм къыдэкIуэу январым и 9-м къызэIуахащ 1951 гъэм парламентым и зи чэзу сессиер. Январым и 9-мрэ и 10-мрэ екIуэкIа сессиехэм щыхахащ Национальнэ собранэмрэ республикэм и Советымрэ я председателхэр, председателхэм я заместителхэр (республикэм и Советыр Национальнэ собранэм къищта законопроектхэм зэреплъыр къыжызыIэ етIуанэ палатэщ; республикэм и Советыр хуитщ а законопроектхэм зэгъэзэхуэныгъэ хилъхьэну, арщхьэкIэ а зэгъэзэхуэныгъэхэр Национальнэ собранэм къимыщтэну хуитщ).

Национальнэ собранэм и председателу аргуэру хахыжащ радикал-социалист Эдуард Эррио, абыкIэ арэзыуэ 287-м, мыарэзыуэ 142-м Iэ яIэтащ, а 142-м Iэ яIэтащ депутат-коммунист Марсель Кашен папщIэкIэ.

Национальнэ собранэм и вицепредседателу хахащ депутат-коммунист Огэ, депутат-коммунистка ...

къэралым къалэн къыщещIыр икъукIэ мылъку куэд къигъэсэбэпын хуейуэ, лъэпкъым хэхъуэу иIэ псоми я процент 12-р абы токIуадэр. А политикэм къешэр налог куэдхэр тралъхьэныгъэр, а налогхэр абы хуэдизкIэ куэдщи, уеблэмэ иджы щыIэ псэукIэм и телъхьэ куэдхэм ар къалъытэр акъылыншагъэу, къуаншагъэу. А политикэм ди деж пIейтеиныгъэ, моральнэ зэрыхьэзэрийныгъэ, абы хуэдэ къабзэу къыпхужымыIэным хуэдиз зи инагъ тхьэмыщкIагъэ къыщешэр...

Пэжыр щIэзымыуфэ цIыхухэм я жагъуэ хъууэ къызэрыжаIэщи, политикэ, экономикэ и лъэныкъуэкIэ нэгъуэщIым и унафэ щIэмыту щытыныгъэр ди къэралым дяпэкIэ ихъумэжыфынукъым. Хамэ къэралым ткIийуэ къигъэув Iуэхугъуэхэр игъэзащIэжкIэрэ, иужьрей зауэм къыхэкIкIэ захуагъэ хэлъу езым къыхуапшынын хуей мылъкур къыхуамыпшыну яхуигъэгъуным-кIэ Францыр арэзы мыхъуу хъуакъым. Езым ӑанщIэу икIи тегушхуэныгъэ хэлъу къигъэлъэгъуа гухэлъым щхьэкIэ къэмынэу, ар арэзы мыхъуу хъуакъым денацификацэ ямыщIа, гитлеровскэ реваншистхэр зи унафэщI Западнэ Гер-

Американцхэм Корейм щалэжьа хьэкIэкхъуэкIагъэр

ПЕКИН, январым и 11-м. (ТАСС). Синьхуа агентствэм езым и специальнэ корреспондентым Пхеньян къыригъэх хъыбарыр къетыр:

Цыхухэр щаукIа Пхеньян и центрым щыщ зы щIыпIэ гуэрым, етхыр корреспондентым, сэ сыщыIащ. Хьэдэу минхэр махуэ къэс мащэм къырахыжыр, абы хуэдэу щыхъукIи аргуэру мин куэд щIым щIэлъу къонэр. Корейм и демократическэ Отечественнэ фронтым Iуэхур зэхэгъэкIыным папщIэкIэ къызэригъэпэща Комиссэм хэтхэм сэ къызжаIащ хьэдэу мин 15-м щIигъу къыщIахыжауэ икIи иджы зэманми а нэщхъеягъуэ лэжьыгъэр екIуэкIыу.

Пхеньян зэрыщыIа махуэ 48-м къыриубыдэу американцхэм зэрахьа хьэкIэкхъуэкIагъэхэр птхыныр гугъущ. Сэ сыздэкIуа дэнэ деж щыпIэми хьэдэ зыщIэлъ мащэхэм сащыхуэзащ. Ягъэуа гильзэхэр дэнэ дежи щылъщ, абыхэм тетщ «США-м щащIащ» жиIэу.

МащитI къудейм Корейм и патриотхэу 500-м нэблагъэ щыщIалъхьауэ щытащ. Абыхэм псоми я Iэхэр я щIыбагъымкIэ щызэпхащ. Къалэ псом и кIуэцIкIэ къыщатIауэ щыта мащэхэм хьэдэр ярызщ мащIэу уэскIэ щIэхъумахэу.

Е 8-нэ армэм деж щыIэ Си-Ай-Си американскэ къэхутакIуэм и отделым и штабыр — фэтэрыр зыдэщыIа щIыпIэм пэмыжыжьэу махуиплIым и кIуэцIкIэ хьэдэу 300-м щIигъу къыщIахыжащ. Абы къэтыгъэншэу къегъэлъагъуэр къалэр американцхэм яубыдауэ щаIыгъа зэманым Пхеньяным цIыху куэд зэрыщаукIам къыхэкIыу жэуаплыныгъэр хэт ихьын хуейми. Пхеньян щыпсэу псори щыгъуазэщ а укIыныгъэхэр американскэ къэхутакIуэм и унафэкIэ зэрырагъэкIуэкIам.

ЗэрыпхъуакIуэхэм Пхеньяныр яубыдыным куэдкIэ ипэ къайхуэу Корейм и патриотхэм я спискэр ятхауэ щытащ. «Бандитхэу» къалъыта демократхэр зэтеукIэныгъэр япэм хуагъэхьэзыра планым тету ирагъэкIуэкIащ.

А хьэзаб псори зи фэм дэкIа корейцым сэ беседэ дэсщIащ. Абы и унащIэр — Ким Чун Цай. Ар

[illegible] «На-сыпым и вагъуэу» авторым къыжеIэр.

Советскэ цIыхухэм яIэ гуащIэдэкI хьэлэлым теухуащ усэ куэдыр. «Фи деж, щIалэщIэхэ!» жыхуиIэ усэм къэбэрдей гуащIэрыпсэухэм я ехъулIэныгъэ инхэр щыдолъагъу.

Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, ХьэхъупащIэм и усэхэм я нэхъыбэр диIэ ехъулIэныгъэхэр къезыбжэкI къудейщ. Усэхэм нэхъ къару ин ягъуэтынут а ехъулIэныгъэхэр къэзэуа зэрыхъур, ди цIыхухэр абы зэрыщIэбэныр, жьымрэ щIэмрэ я кум дэлъ зэныкъуэкъуныгъэхэм щIэр зэрыщытекIуэ щIыкIэр къигъэлъагъуэу щытамэ.

Хэку зауэшхуэм лIыхъужьыгъэ хэлъу хэкIуада БатI Зэчий и фэеплъу етхыр. Поэмэм пэжыгъэ хэлъым, и тхыкIэм удехьэх. Зэчий и образым советскэ зауэлI лIыхъужьхэр уигу къегъэкIыр. Зэчий езым телъ уIэгъэ хьэлъэм щхьэкIэ къимыгъанэу и псэ къыдалъхьа къалэныр егъэзащIэр, езыми бийм зыримытыным папщIэ лъэмыжыр къыщигъауэм хокIуадэр.

Хьэхъупащ1э Хьэжбэчыр и усэ сборник «Насып вагъуэ» жыхуиIэр щыхьату тоувэр усакIуэм творческэ зыужьыныгъэ зэриIэм.

ТIЫХЪУЖЬ З.

[illegible] ЕтIуанэ Дуней псо Конгрессым щыхаха Дуней псо Мамырыгъэ Советым и бюром и заседанэр нобэ мыбы деж щызэфIэкIащ.

Заседанэм хэтащ: Жолио-Кюри, Фадеев, Бернал, Лундквист, Инфильд, Ив Фарж, Джесси Стрит, Сайян, Мукаржовский, Косамби, Лаффит, Феноальтеа, Де Шамбран, Дарр, Гуляев, Эми Сяо, Борсари, Д'Арбусье сымэ. Абыхэм намыщIкIэ заседанэм хэтащ Серэни, Изабелла Блюм сымэ. Швейцарым щыщу заседанэм хэтащ Бовар, Аффольтер, Фишер, Егги сымэ.

Заседанэр зэфIэкIа иужькIэ коммюнике къыдигъэкIащ, абы къыжеIэр:

1951 гъэм январым и 10-м, 11-м Дуней псо Мамырыгъэ Советым и бюром Женева заседанэ щыригъэкIуэкIащ Фредерик Жолио-Кюри и председателу. Международнэ щытыкIэр ткIий зэрыхъуам икIи мамырыгъэм и телъхьэхэм я ЕтIуанэ Дуней псо конгрессым къищта унафэм тету мамырыгъэм щIбэныныгъэмкIэ зэщIэхъееныгъэм зэрызиубгъуам и IуэхукIэ професор Бернал, Ив Фарж сымэ я докладхэм бюрор едэIуащ.

Бюром къегъэлъагъуэр мамырыгъэм и телъхьэхэм я ЕтIуанэ Дуней псо конгрессым Лъэпкъ Зэгуэтхэм я Организацэм зэрыхуигъэзам ит унафэхэм тепсэлъыхьыным икIи мамырыгъэм теухуауэ Iуэхугъуэхэр лъэкIыным иму зэузиугъуэр. Германымрэ Японымрэ Iэщэ зэщIэузэданыгъэм къыхэкIыу дуней псом хуэмыджэу а къаралхэм я цIыхухэм я кIуэцIкIэ пIейтейныгъэ ин къызэрыщыхъуар къыхэлъытэу, бюром унафэ ищIащ Дуней псо Мамырыгъэ Советым и заседанэр нэхъ пIалъэ кIэщIкIэ зэхуигъэсыну икIи абы и заседанэр 1951 гъэм февралым и 21—24-м иригъэкIуэкIыну игъэуващ.

Заседанэр мы къэкIуэну Iуэхугъуэхэм тепсэлъыхьынущ:

1. Мамырыгъэм и телъхьэхэм я ЕтIуанэ Дуней псо конгрессым и унафэр гъэзэщIэным.

2. Германымрэ Японымрэ я Iуэхур мамыру зэтес щIыныр.

[illegible] сом, [illegible] Трокер, абы хуэдэ къабзэу «мэкъумэшыщIэхэм я зэщIэхъееныгъэ» жыхуиIэ ижьырабгъу гупым и член Рибейр. Республикэм и Советым и председателу аргуэру хахыжащ радикал-социалист Гастон Моннервиль. Абы хуэдэ щIыкIэкIэ, парламентым и унафэщI органхэм нэгъабэ елъытауэ мыхъэнэ зиIэ зэхъуэкIыныгъэ къыщыхъуащ.

КъызэрыгъуэгурыкIуэ хабзэм ипкъ иткIэ, Национальнэ собранэм и япэ заседанэр депутат нэхъыжь дыдэ Марсель Кашен къызэIуихащ. Сессиер къыщызэIуихым къэпсалъэкIэрэ, Кашен къыжиIащ Францым и народыр и гукIи и псэкIи мамырыгъэм зэрыхуищIэкъур, а мамырыгъэм щхьэщыт шынагъуэр кIуэ пэтми нэхъ ин зэрыхъуам гу зэрылъитэр. Кашен ягу къигъэкIыжащ Францыр щхьэхуит хъужыным папщIэкIэ Советскэ Союзыр дэIэпыкъуэгъу зэрыхъуар, абы хуэдэ къабзэу, гитлеровскэ фашизмэр зэхэкъутэнымкIэ Советскэ Союзым къызэфIэзыгъакIэ мыхьэнэ зэриIар. Францым и экономикэм и щытыкIэр нэхъыкIэ зэрыхъуам, 1947 гъэм коммунистхэр правительствэм къыхагъэкIыжа нэужьым народым и псэукIэр нэхъыкIэ зэрыхъуам тепсэлъыхькIэрэ, Кашен къыжиIащ:

«Ар къызыхэкIар IэщэкIэ зызэщIэузэдэным теухуауэ, ещанэ дуней псо зауэр гъэхьэзырыным теухуауэ иджы правительствэм иригъэкIуэкI политикэрщ. А политикэм ди [illegible] щыжыну Францым зегъэхьэзыр. Езым и лъэпкъ бюджетыр игъэувын щыхуейм деж абы нэгъуэщI къэралхэм къикIыу унафэ ткIий къыIэрохьэр».

Къэрал иншплIым хамэ къэрал IуэхухэмкIэ я министрхэм я совещанэ зэхуагъэсыным теухуауэ Советскэ Союзым къиIэта Iуэхум тепсэлъыхькIэрэ, Кашен къыжиIащ: «...Чэнджэщ къимыхъу а зэпсалъэныгъэхэмкIэ арэзы хъуным Францым и сэбэп хэлъщ, Германыр IэщэкIэ зэщIэузэдэныр щымыгъэIэным теухуа зэгурыIуэныгъэ къызэрагъэпэщыну тегушхуэныгъэ быдэ иIэкIэрэ. Езым и щхьэм папщIэкIэ, дуней псом папщIэкIэ мамырыгъэ щыIэнымкIэ дэтхэнэ гугъапIэри къигъэсэбэпыным Францым и сэбэп хэлъщ. Советскэ Союзым и бий, акъылыншагъэ зыхэлъ зауэм хашэну зэрагугъэм французскэ народыр егъэгубжь.

Париж щыпсэухэмрэ французскэ народымрэ ящыгъупщэжакъым, и псалъэр щиухым Кашен къыжиIащ, Орадур-сюр-Гланым и Iуэхур. Нобэ г-н Эйзенхауэр къыщыкIуэм абыхэм къыжаIащ зауэр къэхъеинымкIэ щыIэ шынагъуэр абыхэм ягу зэрытемыхуэнур. Мамырыгъэм, шынагъуэ щымыIэу щытыным зэрыхущIэкъур французскэ народым къегъэлъагъуэр...».

Национальнэ собранэм нобэ щокIуэкIыр Бюром и членхэр хэхыныр, абы вице-председателхэм намыщIкIэ хохьэр секретархэмрэ квесторхэмрэ.

[illegible] гъэм хуэдэщ, [illegible] лъакъуэхэр ерагъыу къыщIэувэж къудейщ. Ким Чун Цай мы къэкIуэнухэр сэ къызжиIащ:

«Япэ щIыкIэ абыхэм сэ си Iэхэр си щIыбымкIэ ираIуэнтIэкIри кIапсэкIэ сызэкIуэщIапхащ икIи си щIыфэр мафIэкIэ къырагъэжыкIащ. Абы иужькIэ абыхэм си лъакъуэм нэсу сэ саупцIэнащ икIи зэрыщIыIэ бзаджэм хуэдэу щIыунэм сыщIадзэри махуищкIэ сыщIагъэсащ. Сэ куэдрэ щIыIэм сигъэудэрэщхъуащ. ЩIыунэм сыщыщIэсым яукIыну яху цIыхухэм я зэрыгъэкIий макъхэр зэхэсхащ. ПIэщIэныгъэм къыхэкIыу лIыукIхэм сэ саIэщIэгъупщыкIауэ къыщIэкIынущ».

Абы хуэдэу къаIуэтэж гуауэ куэдхэм, — етхыр адэкIэ корреспондентым, — сэ сыщIэдэIуи хуей хъуащ. Народнэ дзэхэр Пхеньяным гъунэгъу къыхуэхъуа иужькIэ американскэ военнэ властхэм приказ ятащ ягъэтIысахэр псыншIэу зэтраукIэну.

Пионерхэм я Дворецым Ленинскэ махуэхэм зыхуегъэхьэзыр

Пионерхэм я республиканскэ Дворецым В. И. Ленинып зэрылIэрэ илъэс 27-рэ щырикъу махуэм зыхуэгъэхьэзырыным теухуауэ лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкIыр. Пионерхэм я пэшым пионерхэмрэ еджакIуэхэмрэ папщIэкIэ В. И. Лениным и гъащIэмрэ и лэжьыгъахэмрэ теухуауэ беседэхэмрэ консультацэхэмрэ щокIуэкIыр. Мыбы къалэм и еджапIэхэм я звеньевой икIи отряднэ зэхуэгъэсыныгъэхэр щекIуэкIынущ. Абы хуэдэу пионервожатэхэм Ленинскэ махуэхэм теухуауэ ирагъэкIуэкIыну пионер дружинэхэр зэхуэгъэсыныгъэм папщIэкIэ зыхуэину тхылъхэмрэ чэнджэщхэмрэ мыбы щагъуэтынущ.

Большевик партым, советскэ государствэм я къызэгъэпэщакIуэ, марксистскэ-ленинскэ щIэныгъэм и корифей Владимир Ильич Лениным теухуауэ Дворецым и лекторием пионерхэмрэ еджакIуэхэмрэ лекцэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыщыхуеджэнущ. Абыхэм щыщщ: «В. И. Лениным и сабийгъуамрэ еджапIэм щыщIэса илъэсхэмрэ», «В. И. Ленинымрэ И. В. Сталинымрэ большевик партым и къызэгъэпэщакIуэхэщ икIи и вождхэщ», «В. И. Ленинымрэ И. В. Сталинымрэ дуней псом япэу щаухуа советскэ социалистическэ государствэм и къызэгъэпэщакIуэхэщ икIи и унафэщIхэщ».

В. И. Ленинып ягу къагъэкIыжыным теухуауэ кружокым хэтхэм я къарукIэ концерт къагъэлъагъуэнущ, сабийхэм «В. И. Ленин» жыхуиIэ документальнэ фильмыр ирагъэлъагъунущ.

Тхылъ еджапIэм В. И. Лениным и лэжьыгъэхэм теухуауэ выставкэ егъэхьэзыр. Мыбы еджакIуэхэм къащыхуеджэнущ «Ильич и сабийгъуэ, еджапIэм щыщIэса илъэсхэр», «Володя Ульянов» жыхуиIэ тхылъхэм.

МАЛАНЬИНА Е.

Электричествэр колхозым

Къызбрун къуажэм дэс гуащIэрыпсэухэр щхьэл зэрамыIэм къыхэкIкIэ хуабжьу гугъу ехьу щытащ. Иджы колхозым электричествэр къигъэсэбэпкIэрэ, щхьэл дэгъуэ къызэригъэпэщащ, абы колхозхэтхэм я Iуэхур куэдкIэ къегъэпсынщIэр.

Иужьырей зэманым къуажэм лэжьыгъэшхуэ щекIуэкIащ колхозхэт унагъуэхэм, общественнэ унэхэм электричествэ, радио щIэшэныкIэ. Ауэ къэгъэлъэгъуэн хуейщ къуажэм и унафэщIхэм абыкIэ амалрэ хэкIыпIэу щыIэр нэсу къызэрамыгъэсэбэпыр.

АРХЭСТ ХЬ.

США-м и КIУЭЦIКIЭ АМАЛ ИМЫIЭУ ЗАУЭ IУЭХУМ ЩЫХУЕГЪЭДЖЭНЫМКIЭ ПРОГРАММЭЩIЭ ЯГЪЭУВАЩ

ВАШИНГТОН, январым и 11-м. (ТАСС). США-м и военнэ унафэщIхэм дыгъуасэ щIэуэ программэ къагъэуващ зи ныбжьыр илъэс 18-м нэса цIыхухэр амал имыIэу зауэ Iуэхум хуегъэджэным теухуауэ. ЗыхъумэжыныгъэмкIэ министерствэм зэхилъхьа программэр Маршалл сенатскэ комиссэм IэщэкIэ зэщIэузэда къарухэм я IуэхукIэ иIэ подкомиссэм иритащ.

ЗыхъумэжыныгъэмкIэ министерствэм къигъэува программэм къигъэлъэгъуащ къагъэув программэм ипкъ иткIэ дзэм къулыкъу щащIэну ираджэ щIалэгъуалэ псори зауэ Iуэхум хурагъэджэну икIи мазэ 27-рэ екIуэкIыхункIэ къулыкъур ирахьэкIыну, абы иужькIэ ахэр пIалъэ пыухыкIакIэ резерву къагъэнэну.

Подкомиссэм и член республиканец Салтонстолл (Массачузето штатым щыщщ) къигъэуващ зауэ Iуэхум хурагъэджэным икIи «дзэм къулыкъу щащIэным» папщIэкIэ «ныкъуэдыкъуагъэ зиIэхэри» дзэм ираджэну.

Даллес щIэуэ къулыкъу иратащ

ВАШИНГТОН, январым и 11-м. (ТАСС). Печатым тырыригъэдзэным папщIэкIэ государственнэ департаментым къыжиIащ «Трумэн Японым и Iуэхур ехъулIэныгъэ хэлъу икIэм нэсу мамыру зэтес щIынымкIэ япэкIэ зытепсэлъыхьын хуей хъуну Iуэхугъуэхэмрэ зэпсэлъэныгъэхэмрэ США-м и цIэкIэ иригъэкIуэкIыным папщIэкIэ посол къулыкъур иIэу езым и лIыкIуэ щхьэхуэу Джон Фостер Даллес игъэуваауэ».

Къата хъыбарым къызэригъэлъагъуэмкIэ «абы хуэдэу Iуэхум тепсэлъыхьыныр иригъэкIуэкIыну президентым зи пщэ дилъхьа миссием и Iэтащхьэу» Даллес зэман гъунэгъум къыриубыдэу Японым кIуэнущ.

Редакторыр **ДАЛ А. М.**

Редакцэм и адресыр: Налшык къалэ, Нэгумэм и уэрам, 13, 3-нэ этаж. Редакцэм и телефонхэр: редакторым — 87, редакторым и заместителым, пропаганламкIэ отделым — 3-88, секретариатым — 4-60, промышленностымкIэ, культурэмкIэ, партийнэ псэукIэмкIэ, советскэ ухуэныгъэмкIэ отделхэм — 1-22, мэкъумэшымкIэ, письмохэмкIэ, информацэмкIэ отделхэм — 4-55.

Ч01610.

Заказ № 99 Тираж 7.000.